ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№140-141 (22.299) ● 2012 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Нэщі мазэ лъапІэр къыззэрихьам теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен цІыхуэхм

ЗЭРЕХЪУЭХЪУР

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цІэкІэ, си щхьэкІэ сэ кьызбгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхуэхэм си гуапэу сохьуэхьу муслымэнхэм я гуфІэгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыр - Нэщі мазэ лъапІэр - къыззэрыунэхуамкІэ.

А гуфІэгъуэм динир зыІыгъхэм я псэр исЛамым и кьежьапІэхэм яхуеуэнтІ. Псори дызэрыщыгъуаз-эщи, дунейм зыщызыІубгъуа дин псоми я купщІэ нэхъыщхьэр псапэщ, гущІэгъурщ, захуагъэрщ икІи динир зигу илъ псоми я псэр япэ дыдэу зыхуэгъэзар а фІыгъуэхэрщ.

Нэщі ис дэтхэнэ муслымэнми и псэр нэхъ кьабзэ мэхьу, и цІыхугъэм хохьуэ, абы псапэ елэжь, хуэмыщІахэм защІекьакьуэ. Сэ быдэу сыщогугъ апхуэдэ гурыщІэ дахэхэр диным итхэм я мызакъуэу, лъэпкъ куэд щыпсэу ди республикэм ис псоми кьащтэну, апхуэдэу щыщІткІэ,ахэр мамырыгъэр, зэгурыІуэныгъэр, зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэшыгъэр, ди цІыхухэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хуэлэжьэну, гьащІэ ирагъэфІэкІуэну.

Муслымэнхэм, Къэбэрдей-Балькъэрым ис псоми уэнущагъэ быдэ, насып яІэну, я мурадыфІхэр кьеХьулІэну сохьуэхьу.

● Хъыбар гуапэ

Фырэ Руслан Зэныбжьэгъугъэ Орденыр къратащ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Іэ щІидзащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм, Абхъаз Республикэм гъуэгуанэмкІэ щІахь зиІэ я лэжьакІуэ Фырэ Руслан «Хэкум и щэнхабзэмрэ гъуэгуанэмкІэ зегъэужьынымкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэпэлу зэрылажьэм папщІэ» Зэныбжьэгъугъэ Орденыр етыным теухуа Указым.

* * *

КъБР-м ЩІыхуб хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэмкІэ и къэрал комитетыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэр Фырэ Руслан іоъуэхуэу хэкум и наградэ лъапІэр къыззыратамкІэ.

■ Ди лъэпкъэгъуэр ■ Щапхъэ ■ Іуэрыіуатэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щэбэт къыдокІыгъуэ ■ Малъхъэдис

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къанокъуэ Арсен Кавказ Джэгухэр щекІуэкІыну спорт Іуэхущ Іапі эхэм еплъащ

Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен езым и щхьэкІэ щІипшынытыкІащ фокІадэ маз эм - «Кавказ Джэгуэр-2012» фестивалыр щекІуэкІыну Іуэхущ Іапі эхэм я щытыкІэр.

ЛЕНИНЫМ и уэрамым тращІыхьа спорт Іуэхущ Іапі эшхэр кьыз ыхуэт щІагъуэ щ ыжьІэжу хьэзыр хуэщІ. Иджы абы щІагъэувэну оборудованэр «Урысей зэкъуэтым» и программэм зэрыщыубзыхуам тету кьаІэрохьэ. Пэш нэхъ иным бэнэкІэ хуитымкІэ, алыдж-урым бэнэкІэмкІэ зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІынущ. Ар цІыху 1700-м ятещІыхьащ, ауэ хуей хуэмэ, цІыху мини 3-м нэблагъэ щІэхуэу зрагъэубгъуфынущ. ЕтІуанэ кьатым щыІэнущ республикэм и шахмат клубыр, пресс-центрыр, конференц-пэшыр. Къанокъуэ Арсен ильэгъуэхэм арэзы техьуащ. Абы кьыдэкІуэу, республикэм и Іэтащхьэм спортымкІэ, туризмымрэ курортэмкІэ министр АфІэунэ Асльэнрэ Налшык кьаІэм и администрацэм и Іэтащхьэ Хьэгъэс Залымджэрийрэ чэнджэщ яритащ теннис щыджэгун, бильярд стІолхэр щагъэуэвын щІыпІэхэр пщІантІэм кьыщыззрагъэпэщыну. Хьэгъэс Залымджэрий абы и жэуапу жиІащ апхуэдэ джэгупІэщІэхэр мыгувэу Налшык и щІыпІэ куэдым кьыззрыщыззэуаха-ныгъ, апхуэдэу кьаІэм и шахмат клубыр зэрызэрагъэпэщыкьынур. «Спартак» стадионым щекІуэлІэм, республикэм и Іэтащхьэм унафэ ящІащ абы и Іэшэльашэхэу Абхъазым и утым кьегъэщыІлаХэр зыхуэя хуагъэзэну, щхьэнтІагъэхэр кьахухьыну, ТІысыпІэхэр ягъэувыну. Езы стадионым и кьэжьихьыпІэ гъуэгур зэрагъэпэщыжыну, асфальтыр зэрахьуэжІыну кьапэщытщ. АфІэунэ Асльэн зэрыжиІамкІэ, федеральнэ министерствэм кьыбгъэдэкІыу республикэм кьыІэрыкьэнущ стадионым и топ джэгупІэхэм ящыщ зыр кьызэрыращыкІыну алэрыбгъу.

Кавказ Джэгуэр кьызэрызэІуахьым теухуа гуфІэгъуэр мы стадионым зэрыщекІуэкІынум кьыхэжІыну, Къанокъуэ Арсен Спортымкі э, туризмымрэ курортэмкІэ министерствэмрэ Щэнхабзэмкі э министерствэмрэ я пщэ ирилъхьащ а дауэдапщэхэр кьызэрызэрагъэпэщыну программэр егупуэу зэхалъхьэну. Абы кьыхигъэщхьэхуІащ япэхэм ельытауэ мы гъэм фестивалыр нэхъыфІу кьызэрагъэпэщын зэрыхуейр. «Регупсыси, кьыхэфлъхьэ хьэщІэхэм ящыщу, артист цІэрыІуэу кьедгъэблэгъапхъэу кьэфлъытэхэр», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

ИужькІэ Къанокъуэ Арсен «Спартак-Налшык» футбол клубым и унафэщІхэм яІущащ. Абы щытепсэлъыхьащ клубыр ахъшэкІэ кьызэгъэпэщыным, мыгъэрей зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыным япыщІа Іэхуэхэм.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Кхъуэпі ащэхэм яхигъэгъуащэри

ЦІыхуитІ уІэгъэ хъуащ, зыр хэкІуэдащ Свердловскэ областым и мэз лъапэхэм ящыщ зым зыщызыгъэпсэхуэм щІэкІуэ мыцІыхур фочкІэ къахэуа иужькІэ.

Кхъуэпіащэхэр кьезыхужьа щІэкІуэм мэз лъапэм жэщым зыщызыгъэпсэхуэр хьэкІэкхъуэкІэхэм яхигъэгъуэщІуэ кьыщІэкІынущ. Ар щысхьыграбгъу лъэпкъ имыщІэу абыхэм яхуэуэ хуежьащ. Сату корпорацэхэм шынагъэншащъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ ильэс 29-рэ зи ныбжь щІалэр хэкІуэдащ, нэгъуэщІ ЛитІ уІэгъэ хъуащ. ЕплІанэ цІыхухъум, и насыпти, зыри кьыщыщІакъым.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, щІалэр лей зытехьахэм зэрапэжьыжьар метр 70-т ауэ кІыфым ахэр кьыхицІыхьыбфакъым. КъыІэщІэщІар щІыпІагъум, уІэгъэхэм дэІэпыкъуэгъу яхуэмыхъуу, «УАЗ» автомашинэм итІысхьэри, щІэпхъуэжащ. Иджы ар хэтми яубзыху.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 21, щэбэт

♦Къэбэрдей-Балькъэрым и нобэрей къэрал Гербыр, Нып ыр, Гимныр 1994 гъэм кьащтащ.

♦Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыщ астронавт Армстронг Нил япэ дыдэу Мазэм и щыгум 1969 гъэм теуващ.

Дунейм и щытыкІэнур:

Налшык пшэ мащІэ щытепсынущ. Махуэм хуабэу градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 20 - 24-рэ щыІэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 22, тхьэмахуэ

♦ 1945 гъэм Къэбэрдей Республикэм и мэз хозяйствэр кьызэрагъэпэщащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

Налшык пшэр текъэтекІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэу градус 24 - 31-рэ, жэщым градус 22 - 24-рэ щыІэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 23, блыщхьэ

♦1903 гъэм «Форд» корпорацэм япэ автомобиль кьыщІигъэкІащ.

♦Совет дзэзешэ, генералмайор **Нэхущ Мурзэбэч (Борис)** 1923 гъэм щыІэ ащ.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, къэфакІуэ цІэрыІуэ **Дзыхьмыщ Къэралбий** кьыщалъхуа махуэщ (1944 гъэ).

Дунейм и щытыкІэнур:

Налшык уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэу градус 25 - 31-рэ, жэщым градус 22 - 25-рэ щыІэнущ.

ПІалэтэр зыхьхьэзыр **ЖЫЛАСЭ Заурбэчи.**

АдыгэлІ Хьэшыр Чыларщ япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ и кьуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ дэкІар. Ар къыщыхъуар 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-рщ.

✪ Ди къуэш республикэхэм

Зыужьыныгъэм, инвестицэхэр кьыхегъэлъэхьэным трагъащІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и властхэм я мурадщ социальнэ Іэнатіэм жыджэру зрагъэужьыну, инвестицэхэр кьыхрагъэлъэхьэну.***

- ЦІЫХУХЭМ я псэукІэр егъэфІэкІуэныр, КъШР-м и экономикэм зегъэужьыныр республикэм кьыпэщыт кьаІэн нэхъыщхьэхэм ящыщ, - жиІащ щІыналъэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид, Къэрал Советым и зэІущІэм кьрикІуахэр щызэхихьлъхьэжым. ЩІыналъэм и Іэтащхьэм кьызэриІытэмкІэ, а кьаІэнхэм быдэу япыщІащ республикэм щызэфІах инвестицэ проект зыбжанэр.

ЦІэ лъапІэр фІащ

АДЫГЕЙ. ***Дуней псом щыцІэрыІуэ пианист, УФ-м щІыхь зиІэ, и щІыхубэ артист Мацуев Денис Адыгейм и Къэрал филармонием концерт щитащ. Классикэ макъамэм дихьэххэм урысей, хамэ къэрал композиторхэм я Іэдакьэщ Іэкі ахэм едэІуэну Іэмал ягъуэтащ.***

КОНЦЕРТЫМ кьрихьэлІащ Адыгейм и Іэтащхьэ ТхьэкІушынэ Асльэнджэрий. Абы артист цІэрыІуэм фІыщІэ хуищІащ, макъамэ лъагапІэщІэхэм нэсыну, жылагъуэ лъэжьгъэм ехьулІэныгъэхэр щызыІэригъэхьэну зэригуапэри жриІащ. ЩІалэгъуалэм художественнэ, эстетикэ гъэсэныгъэ яГуэтыным хуэунэтІауэ кьэралым и щІыналъэ псоми щызэфІих лъэжьыгъэм гулъытэ щхьэхуэ хуищІащ, «Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэр зэрыфІащам и щытуазэ ищІащ.

Республикэм и дамыгъэ лъапІэр зыхуагъэфащэ Мацуев Денис хуищІа гулъытэ, щІэм папщІэ ТхьэкІушынэ Асльэнджэрий фІыщІэ хуищІащ, Адыгейм кьытригъэзэну зэрыщыгугъри кьыхигъэщащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Дунейм щыхъыбарэр

Фэтэр 500 тыгъэ хуащІ

Иджыблагъэ Краснодар крайм щІэуа псыдзэм и удын нэхъыщхьэр зытехуа Крымск къалэм щыпсэуэхэм папщІэ Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкі э и министерствэм фэтэрыщІэ 500 тыгъэ яхуещІ.

А хъыбар гуапэр журналистхэм яхуиІэтащ УФ-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министр Сердюков Анатолий лэжьыгъэ Іэхухкі э Крымск кьикІыжьа иужькІэ. «Къалэм и микрорайонищІэм ухуэн щыдуха къудей фэтэрыщІэ 500 крайм и губернаторым и лъэІукІэ Крымск щыпсэухэм тыгъэ яхудощІ, - жиІащ Сердюковым. - ТхьэмахуитІ нэхъ дэмыкІыу, ахэр зыльысахэр унэщІэхэм Іэпхъуэ хьунущ».

Краснодар крайм и губернатор Ткачёв Александр я лъахэм щыпсэуэхэм кьыхуащІа тыгъэ лъапІэм щхьэкІэ Зыхъумэжыныгъэмкі э министерствэм фІыщІэ ин хуищІащ икІи къыгъэгугъащ дзэм хэтхэм унэ щыхуауэхэр папщІэ нэгъуэщІ щы Іыхьэ икІэщІыпІэкІэ хуха-хьыну.

Уэрамхэм къыдохьэ

Испаниием и къалэ 80-м щІигъум псори зэхэту цІыху мелуанрэ ныкъуэм хуэдиз уэрамхэм кьыщыдыхьащ. Ахэр арэзыкъым я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуа Іуэхущ Іапі эхэм текІуэдэну мыпкъыр евро мелард 65-кІэ игъэмэщІэну правительствэр зэрыхущІэкъымкІэ.

Профсоюзхэм ткІийуэ кьыжаІащ ар зэрамыдэнур. ЦІыхухэр уэрамхэм кьыдэзышахэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, правительствэм и мурадыр пхигъэкІмэ, мы ильэсым и кІэухым лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр щыху мелуани 6-м нэсынущ. Абы зэрыкъэралу щытыкІэ гугъум иригъэувнущ.

Пэкіум хэтахэм кьагъэув налогхэм хамыгъэхъуэну, лэжьапІэншэхэм ират ахъшэм кІэрамыгъэхуну, къэрал къулыкъущІэхэм хуащІэ Іэхутхьэбзэ хэхахэм хэплъэжыну.

Полицэмрэ уэрамхэм кьыдыхьахэмрэ мамыру зэбгъэдэкІыжьыфакъым. Абыхэм зыззэрапщытащ икІи щыху 26-м фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Акъыл кІэщІыр бзэгу кІыхьщ.

● ХъыбарегъащІэ

ЦІыхубэ усакІуэм и щІыхькІэ

Адыгэ литературэм и классик, Къэбэрдей-Балькъэрым и щыхуб усакІуэ, Социалист Лъэныгъэм и ЛІыхьэкъ, РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ КІыщокъуэ Алим кьыззэралъхурэ ильэс 98-рэ ирокьу.

НАЛШЫК къалэ, КІыщокъуэ Алим и цІэр зезыхьэ уэрамым, бадзэуэгъуэм и 23-м сыхьэт 12.00-м пэкІу зэхэтынущ усакІуэ ЛъэІуэзэджэм теухуауэ.

Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм, и тхыгъэхэр фІыуэ зыльыгъу щІэджыкІакІуэхэм абы и фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтІылъынущ.

КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэ.

Фыдогъэблагъэ! ● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и яп дивизион

Ещанэ джэгуГъуэ
«Спартак-Налшык» - «Нефтехимик» (Нижнекамск)
Налшык. «Спартак» стадион.
Бадзэуэгъуэм и 23.
Сыхьэт 21-м.

ІэнатІэм зеужь ● Прохладнэ куей

Прохладнэ куейм и экономикэ щытыкІэр езыгъэфІакІуэ Іуэхущ Іапі эхэм хабжэ «ЮГтекстильторг» ООО-р.

ИЛЪЭС зыбжанэ и пэкІэ Солдатскэ жылагъуэм кьыщызэІуаха мы Іуэхущ Іапі эм щад трикотажым кьыхэщІыкІа сабий щыгъынхэр, щІагъщІэль зэмылІэужьыгъуэхэр. Предприятэр зэрылажьэ зыхуей-зыхуэфІхэр Китайм щагъэхьэзыращ, зэлъэк щэкІхэр Тыркум кьрадж. Уеблэмэ, зэрыдэІуданэхэри кьыщащэхур нэгъуэщІ кьэралыгъуэхэрщ.

Ильэси 8-м нэблагъэкІэ бгынжауэ щыта еджапІэ унэжьыр зыхуей хуагъазэу кьызэІуахауэ щыта дэрбзэр ІэнатІэр нобэ лъэ быдэкІэ увын хуэфІэкІащ. «Иджыпсту мыбы щыІэщ зи Іэщ Іагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ лэжьакІуэ 90. Абыхэм я нэхъыбэр Къэрэгъэщ кьуажэм къэкІ, я гъэгугущІэр дз яхуэтту, адрейхэр Солдатскэ жылагъуэм щыщщ. ЛэжьакІуэхэм я бжыгъэр 150-м нэдгъэсыну ди мурадщ.Ику иту абыхэм сом мини 7 ядот», - жеІэ «Юртекстильторг» предприятэм и Іэтащхьэ Тубей Алий. УнафэщІым кьызэрыхигъащамкІэ, иджипсту я деж щолажьэ Прохладнэ дзэ техническэ колледжым дэрбзэр ІэщІагъэр щызэшІыгъэнэ ти ныбжьыщІэхэр, илъэс куэдкІэ дэрбзэру нэгъуэщІ щІыпІэхэм щылэжьауэ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІхэр. Дэн - бзэным зи нэ кьыхуикІыу, ауэ иджыри Іуэхум хэмызэгъэщауэ кьекІуаІІэхэри кьащтэри, езыхэм ирагъджэж.

«Юртекстильторгым» кьыщІигъэкІ хьэпшыпхэм фІагъ ябгъэдэлъщ икІи зэгурыІуэныгъэ иращІыпІауэ ахэр ирагъашэ Москва, Уралым, Сыбыры, КъуэкІыпІэ Жыжьэм и щІыналъэхэм. Илъэс кІуам Іуэхущ Іапі эм игъэхьэзыращ сом мелуан 38-рэ мини 164-рэ и уасэ щыгъынхэкІ. Мы гъэм дызэрыгъэхьэрэ кьыщІигъэкІыну хунэсащ сом мелуан 20 и уасэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● КЪБР-м и Правительствэм

Иджырей бизнес-инкубатор Дзэлыкъуэкъуажэ щаухуэну яубзыху

КЪБР-м и япэ вице-премьер Жылэ Валерэ Правительствэм и зи чэзу зэлъашIэу бадзэуэгъуэм и 19-м иригъэкIуэкIам Iуэхутеуэ 15-м щIигъу щызэпкIрахаш.

ЭКОНОМИКЭ зыужьныныгъэмрэ сатумкIэ министр **Му суков Алий** кьыхилхьэрэ, зэхьыхьэм щагъэбелджылащ «Сочэ-2012» епшыкIэзэм Дунейпсо инвестицэ форумым хэтыну ди лIыкIуэхэм мылыку зэрыхухахыну щыкIэр. Правительствэм и унафэкIэ «2013 гъэ пщIондэ кьуажэм социальнэу зэрызэлъашIурэ федеральнэ программэ хэхар гъэзэщIынэм сом мелуан 72-рэ мин 900-рэ халькьэнщ. АбыкIэ жылагъуэхэм я социальнэ инфраструктурэм и псэуалъэхэр ирагъэфIэкIуэнущ. Аруан кьуажэм пэщIдзэ еджапIэ дыдэщхьыну, республикэм и нэгъэущ щIыпIэхэм фельдшер-акушер пункту 8, газ, пщыкIуитIу 13 щагъэхьну я мурадщ.

ФинансхэмкIэ министр **Бышэн Азрэт** кьыхилхьэрэ, правительствэм и «ГъэтIылыныгъэ фондым» и къэкIэ зыдэIэпыкъунхэр игъэнэIуащ. Аизэ щыхуи 7 мэхъу. Абыхэм сом мин 737-кIэ зышIагъэжьэнущ. ЗэлъашIэм арэзы щытехьэщ гъэщ гъэзу транспортым и федеральнэ агентствэм и Iпщ щынапIэ Iуэхущапlэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэмрэ я зэгурыIуэныгъэм. Апхуэдэу «КъБР-м Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и Iуэхукlэ» 2007 гъэм фокIадэм и 18-м Правительствэм кьыщта Унафэ №240-ПП-м зэхьэуэныныгъэхэр халькьащ. Зэхьэхьэм кьыщащтащ пенсэм щыхьэм льготэкIэ стоматологие Iуэхутхьэбзэр яхуэзыщIэ медицинэ организацэхэм я бжыгъэм хэгъэхьуэным теухуауэ Узынышагъэр хьэумэныкIэ министерствэм игъэхьэзыщ проектыр. Нобэр кьыздэсым апхуэдэу щыIар Налшык дэт стоматологие поликлиникэ нэхъыщхьэм и закъуэщ. Иджы республикэм и жылагъуэхэм щыщхэм я Iуэхутхьэбзэр нэхъ тыншу игъэтынущ.

КъБР-м щыхуэбз хьыбарегъашIэ IуэхущапlэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Кьуажэр Мухьадин** зэлъашIэм кьыщыхилхьащ 2017 гъэ пщIондэ республикэм и СМИ-м зэрызэхьынум и стратегием и проектыр. Ар тещыхьащ республикэм и пщIэр къэзытыным, хьэрхуэрыгъэмрэ ди экономикэм зи мылыку кьыхэзылъхьнуэхэмрэ тегъэгушхуэным, къэрал властым и кьудамэхэм, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущапlэхэм зэлъхуэу я щIэлъкьэныр кьызэгъэпэщыным, Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ кьалэнкэр гъэзэщIным щыхуэбз хьыбарегъашIэ Iуэхущапlэхэм щагъэзащIэ мыхьэнэм хэгъэхьуэным.

КъБР-м и Iэтащхьэ Кьаногъуэ Арсен ищIа протокол пщэрылъым ипкъ иткIэ, «2012 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым хьэрычэтыщIэ предприятэ щыкIымрэ курытымрэ зэрызыщаужыныр икIи аизэр зэрыщыщагъэныр» республикэ программэ хэхам зэрыщыгубзыхуам тету, Дзэлыкъуэхуажэ поселкэм «инкубатор щаухуэну» щIэлъ. Ар щыIэ. Абы щыщ Адыгэ Республикэмкlэ, а Iуэхум сом мелуан 64-м нэблагъэ хухахьнущ. Мелуан 51-р федеральнэ, мелуан 13-р республикэ, щыпIэ бюджетхэм кьыхэкIынущ. Абы теухуа унафэ зэхьэхьэм кьыщащтащ.

ЗэлъашIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьудзэ **Уянаев Казым**, кьалэ, районым администрацэхэм, къэрал комитетхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэблагъэ кьуныкъуэщIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КъБР-м и прокурату-

Илъэс 90 гъуэгуанэ

Дэ пыдощэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокуратурэм и унафэщIу щытахэм ятеухуа тхыгъэхэм.

КЪУЭКЪУЭЖЬЫР областым и прокурорым и кьулыкъым трагъэжьа нужь, абы и пIэ нуваш къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ щIэрыIуэ Кьанкъуэ Машэ Джырандыкъуэ и къуэр. Ар 1889 гъэм Дзэлыкъуэ куейм щыщ Ашэбей (иджы Малкэщ) кьуажэм кьыщалъхуащ. Облисполкомым хэтащ, 1923 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр область судым и унафэщIу щытауэ, 1926 гъэм ди щIыналъэм и прокурору ягъэуващ. Абы кьыхэзгъэпэщащIу Iэзэу зыкъыгъэльэгъуащ.

Прокурору зэрылэжьа илъэсищым Кьанкъуэм гъэпсыкIуэ хуиущащ зи Iэнатlэм куууэ хэзэщыкI Iэщагъэлlэр кьыхихыным.

1929 гъэм Кьанкъуэр Малэ-Къэбэрдей окрисполкомым и Iэтащхьэ ящIащ, КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэр япэу хаха нужь абы и унафэщI хуащ. Апхуэдэр РСФСР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Унафэщым и кьуэдзэуи кьалытэрт. А къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ гъуэзэджэм и гъащIэр 1938 гъэм ихуащ. ИгъэтIысри, ар кьуIащ, цыхубзм я бий хуэдэу пщы кьытралъхьэри.

Областым и прокураторэм и унафэщIу ягъэуващ Бесльэней Хьэбалэ Жанхъуэт и къуэр. 1886 гъэм Абей кьуажэм (иджы Тэрч куейм хыхьэ Урожайнэщ) кьыщалъхуа щIалэр Кавказ Пщыхьэрэм хуабжу щыIэрыIуэт. 1912 гъэм Мэздагу судым тэрмэщу щылэжьат, 1918 гъэм Налшык округ советым хахат. 1920 гъэм облисполкомым кьэрал кIуэIу IуэхухэмкIэ и кьудамэм и унафэщI хъуащ, ревтрибуналым хагъэхьащ. 1929 гъэм ар Къэбэрдей-Балькъэрым и прокурор хуащ. 1931 гъэм Бесльэней Бесльэбийрэ-м и унафэщIу ягъэкIуащ. 1937 гъэм ягъэтIысри, и судыр укIкIэ ящIащ.

1931 - 1933 гъэхэм областым и прокурору лэжьащ Хьэщхьэужь Аэрэт Жырасашэ и къуэр. Абы кьаруушхэр ирихьэлIащ щIэпхьаджагъэхэр игъэмэщIэным.

1933 гъэм Хьэщхьэужьыр республикэм и куей нэхъ ин дыдэм - Прималкэ районым - ягъэкIуащ партым и райкомым и пэ секретару. Парт, къэрал лэжьакIуэ жьыдэжь Хьэщхьэужьыр 1937 гъэм ягъэтIысащ, иужькIэ яукIащ.

1939 гъэм щэкIуэгъэуэн и 5-м КъБАССР-м и прокурор хъуащ Рымарчук Исидор Влас и къуэр. Ар 1902 гъэм Украинэм щыщ Острополь куейм хыхьэ Калиновкэ кьуажэм кьыщалъхуащ, 1928 гъэр кьэсыху Украинэм и хабзэхьэуэ Iуэхущапlэхэм щылэжьащ.

1942 гъэм зыщхьэIум и 13-м, нэмыщI фашист зэрыпхуякIуэхэр Къэбэрдей-Балькъэрым кьыхэзригэн и пэкIэ, и кьулыкъыр щхьэщахащ, и узынышагъэр зэрымыщIагъэм кьыхэкIыу. Рымарчук и пIэм ягъэувэ Кривушин Михаил а кьулыкъыр иныгъэ 1949 гъэ кьэсыху.

Кривушинрыр щIыху ткIийуэ, гуащIафIэу, жьыджэрагъашхуэ зыхэлъу щытащ. ПIалъэ кIэщIым абы зэгтриухуэжьафащ Къэбэрдей-Балькъэрым и прокуратурэм и кьудамэхэм я Iэжьыгъэр. Абы щыхьэт тохьуэ кьыхуягъэфэщащ дамыгъэ зэрыпIэхэр.

Апхуэдизу пщIэ кьыхуащIыр иужькIэ Iэрыхьащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ юрист Аргасцев Александр Павел и къуэм.

1952 гъэм кьыщыщIэдзауэ 1957 гъэр кьэсыху республикэм и прокурору лэжьащ Дубцов Георгий Михаил и къуэр, Саратов дэт юридическэ институтыр къэзыухар. 1947 - 1949 гъэхэм ар СССР-м и прокуратурэм щылэжьащ кьудамэм и прокурору.

1957 гъэм кьыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балькъэрым и прокурору щытащ Дзыхьмыщ Батыр Хьэжбий и къуэр.

1952 гъэм Къэбэрдей Республикэм юстициэмкIэ и министру ягъэувapи, илъэситIукIэ лэжьауэ, мы кьулыкъыр хуагъэфащащ. ПщIэшхуэ зыхуащI а цыхур 1960 гъэм жэпуэгъэуэм зэхуэзэпсэу Iащ.

Зауэм хэтахуэ прокурор хуэхъуэ я деж увыпIэ щхьэхуэ щеубыд Ансокъуэ Мухьарбий Тыпту и къуэм, 1922 гъэм Тэрч куейм хыхьэ Хьэмидей кьуажэм кьыщалъхуам. Ерыщагърэ жьыдэкIэ ин дыдэрэ зыхьэлъ, акъылышхуэ зиIэ Мухьарбий прокурор нэсу щытащ.

Ансокъуэм къэхуэныгъэ лэжьакIэри иригъэкIуэкIащ. 1974 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кьыщыдигъэкIащ «Къэбэрдеймрэ Балькъэрымрэ я цыхубзм я лъэпкъ совет къэралыгъуэр кьыдзэрыдзэрагъэпэщарикIи абы зэрызиужьар» тхылъыр. Абы я Хьэмидей къуажэм кьыщалъхуам. Ерыщагърэ жьыдэкIэ щIэныгъэхэм я кандидат щIэр кьыфIащауэ щытащ.

Ансокъуэ Мухьарбий Тыпту и къуэр юстициэмкIэ министру щыту 1978 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м дунейм екьжащ и кьару илыгъуэу. Абы и ныбжьыр зэрыхъур илъэс 56-рэт.

СЭРАХЪЭ Александр.

● Ди лъэпкъэгъуэр

Яшха ерыскъыр зэран къахуэхъуар пэжкъым

Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я щIэблэу Сочэ кьалэ иджыблагъэ махуищкIэ щыхьэщIахэм яшха ерыскъыр я узынышагъэм зэран хуэхъуауэ зэбграгъэжа хьыбарыр пшыуэ кьыщIэкIащ. Пэжщ, аизэр тенджыз ФIыцIэ Iуфэм кьыкIыжа нужь, Адыгэ Республикэм и сымаджэщхэм щIэхуащ, ауэ щхьэусыгъуэр иягъэщIт.

ЯШХА ерыскъыр зэран яхуэхъуауэ ягъэIу хьыбархэм лъабжьэ я1экъым, - жиIащ а щытыкIэм теухуауэ зекIуэм и къызэгъэпэщакIуэ, Адыгэ Республикэм и Советым - Хасэм и депутат **КIырмыт Мухьдин**. - Сабийхэри абыхэм я гъуза балигъхэри адыгэ унагъуэхэм щыпсэуащ, ахэр сытым дежи бысымхэм я нэIэ щIэтащ. Дохутырхэм зэрыкаIэмкIэ, сабийхэм я гукъыдэмыкIыр кьызыхэкIар хуабэ узырщ. КъэкIуэжьыным и пэ, абыхэм Головинкэ жьылэм кьеуалIэ тенджыз Iуфэм деж сыхьэт зыбжанэ щагъэкIуащ, загъэпэскIащ, дыгъэм зрагъэуащ. А махуэхэм Сочэ кьалэ дунейр щыхуабэ дыдэу ирихьэлIащ, дохутырхэм зэрыхуагъэфащэмкIи, сабийхэр куэдрэ дыгъэм зэрыхэтарщ ахэр зэрыхуа щытыкIэм щхьэусыгъуэ хуэхьуар. Абыхэм псоми дохутырхэр кьедгъэлIащ, кьапщтэмэ гупым я нэхъыбэр сымаджэщым кьыщыщыхутар я узынышагъэр зыхуэдэр нэсу кьахутэн папщIэщ. Мы зэманым ахэр тыншу зрагъэлIащ.

Фигу кьэдгъэкIыжинщи, КIырмыт Мухьдинрэ абы и «Нэху» сабий ансамблымрэ кьрагъэблагъэри, Тыркум кьикIа сабий гупыр Адыгэ Республикэм кьэкIуащ бадзэуэгъуэм и 10-м. Тохьутэмыкьуей районым и Энем жьлэм дэс артист ныбжьыщIэхэр нужьрей илъэситхум Тыркум и Илькършун кьуажэм щэнейр щыIащ, иджы нужьрейм и лIыкIуэхэр ныбжьэгъу яхуэхъуахэм я деж хьэщIапIэ кьэкIуат. ХьэщIэхэм республикэм и щыпIэ дахэхэр ирагъэлъэгъуащ, нэхъыбжьхэм, творческэ щIыхуэхэм, щIалэгъуалэм хуагъэзащ, джэгу хуэзэкашащ. Гупым хэтхэр Энем кьуажэм щыпсэу адыгэ унагъуэхэм трагъуэшауэ щопсэу.

ХьэщIэхэм кьыхуэзэрагъэпэща нэгуэзыужь Iуэхугъуэхэм хэту, ахэр махуищкIэ щыIащ тенджыз ФIыцIэ Iуфэм. Ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэм зрагъэльэгъуащ Пуапсы куейм хыхьэ Псыбэ, Iэгуей-Шапсыгъ кьуажэхэр, апхуэдэу Сочэ кьегъэщIылIахэу Кьалэжь, Хьэджьыкуэ, КIыщмай Ин, КIыщмай ЦIыкIу, Тхьэгъэпщ жьлэхэр.

НЫБЭ Анзор.

●Акцэ

«Гъэмахуэ узыншэ»

Налшык кьалэ щыIэ «Лебедь» санаторэм кьыщызэIуахащ «Гъэмахуэ узыншэ-2012» республикэ акцэр. Абы хэтащ сабий 900-м щIигъу.

АПХУЭДЭ зэхьыхьэм и жэрдэмщIакIуэхэм кьызэрагъэпэщащ гъащIэ узынщэ ехьэкIыным, мафIэс шынагъэнщагъэ къэмыгъэхьуным, гъуэгум и хабзэхэм, апхуэдэуи мыхъумыщIагъэ куэдым зэрызащIпхьумэным теухуа Iуэхугъуэхэр. НыбжьыщIэхэр жьыдэжу хэтащ зэIущIэхэм, зэхьэзэхуэхэм, апхуэдэуи кьаIэта Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ езыхэм я Iуэху ещIыкIэмкIи кьызэхуэсахэм ядэгъэшащ.

«Гъэмахуэ узыншэ-2012» республикэ акцэм и кьыз зэгъэпэщакIуэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр апхуэдэ зэхьихьэ щхьэпэхэр ирагъэкIуэкIыу сабийхэм зыщагъэпсэху, я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ Iуэхущапlи 6-м щыIащ, адэкIи абы кьыпащэну я мурадщ.

КъБР-м Шалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● Зэпеуэхэр

Зэчиифlэхэр къыхах

Ныбжьыщlэ зэчиифlэхэм я зэпеуэу «Верди стар-2012» зыфlащам и япэ Iыхьэр бадзэгъуэм и 18-м ирагъэжьащ. КъБР-м и Iэтащхьэ Кьаногъуэ Арсен, КъБР-м Шалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэр, «Верди» нэгуэныжь центрыр, «ТНТ-Нальчик» телеканалыр я дэIепыкIыгъуэу мыгъэрей зэхьыхьэр кьызэрагъэпэщащ.

ИЛЬЭС 14-м щыщIэдзауэ 30-м нэс зи ныбжь щIалэхэмрэ хъыджэсфхэхэмрэ Iэмал яIащ уэрэдым, кьафэм щаIэ зэфIэкIыр кьагъэльэгъуэну. Мы гъэм зэпеуэм зэхьэуэжьныгъэ гуэрхэр халъхьащ. «Верди стар-2012» зэхьэзэхуэм хэтыну гукъыдэж зиIэхэм ящыщу гъуэрыгъуэурэ щIыхуйм тхъэмахуэ кьэс кьэпщIаткIуэхэм я пащхьэм зыкъыщагъэлъэгъэнуц. Абы щытекIуэхэм видеоклип трахынущ, композитор цIэрыIуэу щыи я уэрэд, сом мини 100 щыгъуэ тыгъэ хуащIынущ. Нэтынкэр эфирым щэбэт кьэс сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 30-м ТНТ телеканалымкIэ кьатынущ.

Япэу утыку кьихьа щIыхуйм макьамэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм (рок, хип-хоп, поп, нэгъуэщIхэми) зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр кьагъэлъэгъуащ. Кьэпщытакlуэхэм ягу иэсахэрщ кьыкIэлыкIуэ Iыхьэм я щIыхуйм ягъэкIуар. Апхуэдэхэщ, псальэм папщIэ, зи Iэщагъэкlэ юрист, езыз зэхилъхьэжа «Странник» жьыкIэ уэрэдыр зыгъэзэщIа Текlуу Артур. КъБКъУ-м и филологие факультетым и 5-нэ курсым и студент Хьарзынэ Аэзмэт гъащIэм пльапIэ нэхъыщхьэу щIэр сценэм итынырщ. Проектым нэхъыщIэ дыдэу хэт, илъэс 15 зи ныбжь Хьусен Оксанэ и уэрэд жьыкIэ, и гуфIэкIэ дахэмкIэ псори кьыдирихьэхащ.

Ани борак игъэзащIэ «Спроси» уэрэдыр жызыIа Дулуб Юлэ зэхуэсахэм Iэгуаэзщхэу хуаIэтащ, кьэпщытакIуэхэми я гъуэгум и кьыдирихьэхащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Пшыхьхэр

«ЗэманыщIэм и гушыIэхэр»

ГъащIэм и зы Iыхьэ гуэр, мащIэми куэдми, еубыд «гушыIэ» жьхуэтIэм. Ар щIыхур ныдъэгуфIэщ, зыгъэгушхуэщ, зезыгъэзэщIыкIыщ. Гушыlэмкlэ кьаIуатэ хабзэщ Iуэхугъуэ гуэрым и пэжыпIэри. Апхуэдэм деж зэпсэльытIыр (нэхъыбэ хьуми) щызэхъуэжьуж куэдрэ щыкьоху. Арами, гушыlэм кьаугъэ, зэран къыхьыркъым...

АПХУЭДЭ гупсысэщ пхрыщар Уэркъ Мухьэмэд ягъэ кьыдигъэкIа «Зэманыщ1эм и гушыIэхэр» и тхыльым. Абы Уэркъым щызэхуокIыжащ езым зэхиха хьыбар хьэлъэмэтхэр, гъащIэм кьыщыхьуахэр.

Тхылым теухуа пшыкъ щекIуэкIащ Уэркъыр кьыщалъхуа Тэрч куейм хыхьэ Хьэмидей кьуажэм. И пщIэр яIэту абы кьыхуебгъэат Налшык кьалэ кьиндэ и ныбжьэгъуэхэр, жьлэм дэсхэр, благъэ-Iыхьлыхэр, апхуэдэуи зэхьыхьэм кьэкIуат Мэздэгу Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэр. Кьыззэхуэсахэр тепсэльыхьащ тхылъыр кьаэращыхьэм, Мухьэмэд и IэдакъэщIэкIым зэрагитуэхуэм, нэгъэущIэхэми.

Зэхьэхьэм и пэщIэдзэу Уэркъ Мухьэмэд и гъащIэмрэ и лэжьыгъэ гъуэгуанэмрэ кIэщIу кьытеувыIащ.

И Iэщагъэкlэ Мухьэмэд дзэ дохутыщ. Илъэс куэдкIэ ар щылэжьащ дзэм щеIэзэ поликлиникэу Мэздэгу кьалэ дэтым. Сыт щыгъуэ щыгъуэ иIэу ар и Iэнатlэм бгъэдэтащ. И лэжьыгъэм зыкъыдигъахуэурэ, Мухьэмэд дзэзыхьэ альпинизмым и зэфIэкI щигъэльагъэрт, уеблэмэ абы кьыхуагъэфэщащ «СССР-м и альпинист» цIэр. И гуащIэр инщ, цыхухэм яхуэгуагъэу, и гушыIэ дахэхэмкIэ гукъыдэжэ яринту, щIэблэм и чэнджэщ ярихьэлIэу кьэхуагъуэгъуэкIэ. Илъэс куэд хьуауэ Уэркъыр Осетие Ищхьэрэ-Аланием щыпсэуми, кьыщалъхуа жьылэр, и лъабжьэр зэи щигъупщэркъым.

Дауи, урогушхуэ апхуэдэ цIыху хьэрзынэ уи кьуажэм кьыщыдэжьым деж. Уэркъым и кьуажэгъуэхэм зыжьэу жаIэрт абы и зэфIэкIым щигъэльагъэрт, уеблэмэ абы кьыхуагъэфэщащ «СССР-м и альпинист» цIэр. И гуащIэр инщ, цIыхухэм яхуэгуагъэу, и гушыIэ дахэхэмкIэ гукъыдэжэ яринту, щIэблэм и чэнджэщ ярихьэлIэу кьэхуагъуэгъуэкIэ. Илъэс куэд хьуауэ Уэркъыр Осетие Ищхьэрэ-Аланием щыпсэуми, кьыщалъхуа жьылэр, и лъабжьэр зэи щигъупщэркъым.

Дауи, урогушхуэ апхуэдэ цIыху хьэрзынэ уи кьуажэм кьыщыдэжьым деж. Уэркъым и кьуажэгъуэхэм зыжьэу жаIэрт абы и зэфIэкIым щигъэльагъэрт, уеблэмэ абы кьыхуагъэфэщащ «СССР-м и альпинист» цIэр. И гуащIэр инщ, цIыхухэм яхуэгуагъэу, и гушыIэ дахэхэмкIэ гукъыдэжэ яринту, щIэблэм и чэнджэщ ярихьэлIэу кьэхуагъуэгъуэкIэ. Илъэс куэд хьуауэ Уэркъыр Осетие Ищхьэрэ-Аланием щыпсэуми, кьыщалъхуа жьылэр, и лъабжьэр зэи щигъупщэркъым.

- Гум дыхьэу, иджыри тIэкIу сыбгъэдэсэрэт зэкIэлIу щытщ Мухьэмэд. Абы жьлэм и пщIэр иIэту лъагъуэ дахэ хэщащ. Дропгэ ящхуэдэ щыIэ. Жьлэм кьэпсэльахэм ящыщ щыIэ.

Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Дербыт Валерэ жиIащ Мухьэмэд кьуажэм, жьлэм зэуэфащэ цIыхуу зэрыщытыр, апхуэдэуи кьыхигъэщащ Мэздэгу районым пщIэшхуэ кьызэрыщыхьащIыр.

- Щапхъэ дахэ егъэльагъуэ Уэркъ Мухьэмэд. ЗэрыжаIэщи, унэ иухуащ, быным гъэсэныгъэ хилъхьащ, жыг хадэ игъэкIащ. Иджы абы тхэным зритащи, ар псоми ди зэхуэдэ мылкыуц. ЩIэблэр гъэсэныгъэ, бзэр, хабзэр, тхыдэр кьызэтенэным Мухьэмэд гульытэ зэрыхуищIри фIыгъуэ мыльытэщ. Дохьуэхьу ди ныбжьыгъуэ лъапIэм и екъулIэныгъэщIэмкIэ, фIым я фIыжьыр кьехьулIэну ди гуапэщ, - жиIащ Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьмадэм.

Адэжь гъащIэм зэрата Дадэ Суфэдин кьуэшу кьильытэ Мухьэмэд и IэдакъэщIэкIыр кьызэрыщыхьуам тепсэльыхьащ.

- Хуабжу гуапэ сщыхуащ Мухьэмэд кьыдигъэкIа тхылльыр. Псоми зэрытщIэщи, гушыIэ дахэр Iуэрыlуатэм и зы Iыхьэ зыгуэр, Мухьэмэд зэхьэзэ зыриздзэ зэхуэихьэса хьыбар кIэщIхэм гъащIэр щыпсэлъэгъуэ пхуаIэ. Апхуэдэуи кьыхэзгъэщынут ди мэз лъапIэр, Тэрч псыхъуэр, Iуащьхэхэр кьызэрыщ сурэтхэр тхылым зэрыхигъэхьам сызэрыщыгуфIыкIар, - жиIащ Дадэ Суфэдин.

Уэркъ Мухьэмэд зэлъашIэм кьекIуэлIа псоми фIыщIэ яхуищащ икIи кьыкIэлъэныкIуэу итхыну тхылъыр хабзэм зэрытриуухэнур яжриащ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

«Нурым» и зи чэзу къыдэкIыгъуэр

Сабий журналым и зи чэзу еханэ кьыдэкIыгъуэр дунейм кьытехьащ.

КъБР-м и цIыхубз усакIуэ Балькъэр Фоусэт зэужамэ, илъэс 80 ирикъунут. Абы ирихьэлIэу журналым тридзащ Фоусэт и усэхэр. Адэжь тетщ Хьэту Петр и «ЩIакIуэкIапIэ» щыпсэр. Кьыкlэлыкlуэу «Инэмыкъуэ» напэкIуэцIым фыкьыщыщдежащ композитор Молэ Владимирэ усакIуэ АфIэунэ Лиуанрэ эздатха «Табу цIыкIу» уэрэдым.

Журналыр илъэс 30 щIигъуэм ирихьэлIэу абы нэхьатпэм тета тхыгъэфIэкIр кьыдигъэзэжурэ традзэжьным мы кьыдэкIыгъуэм ирилъащ. Апхуэдэхэщ Тхьэзэпль Хьэсэн, Лыкъуэжь Нелли, КIэмыргуей Толэ, Зэгъэщтокъуэ Людэ, Балькъыз Батий, Тау Нинэ сымэ я усэхэр.

Адыгэкэр зэрыпагэу, зэрыгушхуэу щытхъэм ящыщу зэуэлI фащэр. Апхуэдэ куэд щахьиуэ лъэпкъ музейм. Адыгэ фащэм и Iыхьэт афрэмэр ящIэ ныIэмрэ. Апхуэдизкэрэ щIэльщ музейм. Араш зытепсэльыхьыр лъэпкъ музейм и унафэщI Накlуэ Феликс «Афэрэ жыр пыIэрэ» зыфIища тхыгъэр. А тхыгъэм щыIуэу традзащ афэ джанэм теухуауэ Хьан-Джэрий итхыжьауэ щыта хьыбар гъэщIэгъуэнри.

СэвкIуий Хьэмэд зэз 1964 гъэм Къэзахстанкъым кьыщалъхуащ. Хэкум ирашауэ щыта адыгэ унагъуэм кьыщигъэзэжьыфар 1979 гъэрат. СэвкIуийр Ставропольрэ Санкт-Петербургрэ дэт институтхэм и Iэщагъэм щыхуеджащ, УФ-м и Художникхэм я союзым хэтщ, КъБР-м и цIыхубз сурэтыщIу, Художествэхэмкlэ Урысей академием и член-корреспондентщ, сурэт щыныкIэ Санкт-Петербург дэт академием щрегъаджэ. Сэвкlуийм и лжьыгъэр дэ къэралым и кьалэ куэдым щагъэльэгъуащ, абы и сурэтхэм ящыщ къэрал музейхэм щIэльщ.

Сэвкlуийимрэ и IэдакъэщIэкIэхэмрэ ятеухуауэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч «Сурэтыщым и льагапIэхэр» и тхыгъэр. Ари Сэвкlуийм ищIа сурэтхэм ящыщ зыбжани тридзащ журналым.

Жьласэ Заурбэч и «Олимпыр зи пIалпIэ» тхыгъэм щыIуэ1эз фищIынщ бэнакIуэ щIэрыIуэ Махуэ Билал и екъулIэныгъэхэм.

Гъудэбадзэкэр зищыкьыр, зэрыщхьэщIэщидз щыкIэр кьыщыIуэтащ Чэруан Хьэту игъэхьэзыра «Гъудэбадзэкэр» тхыгъэм. Адэкlэ кьыкIэлъокIуэ «Мы сурэтыр влэж», «ПсалъэзэкlэлъыкIэ» напэкIуэщIэкэр. Журналым зэрихабзэу, «Нурым» и гъуджэм» кьытридзащ фIыуэ адэжь цIыкIуэм я сурэтхэр.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● Шэрэдж куей

ЕджапIэм и махуэр ягъэльапIэ

Кьэщкьэтау дэт «Ухуакlуэ» еджапIэр кьызэрызэIуахрэ илъэси 10 ирикъуащ.

ГУФIЭГЪУЭ пшыхьым кьрихьэлIащ куей, жылагъуэ администрацэхэм, мы еджапIэр зи кьудамэу щыт, КъБР-м и «Ухуакlуэ» колледжым, цIыхубз зэгуэхьнегъэхэм я лIыкIуэхэр, мыбы щIэсахэр, сыт щыгъуи зыкъыщIэзыгъакIуэ хэзрычэтыщIэхэр.

ЗэлъашIэм кьыщыхьаэр тепсэльыхьащ еджапIэр кьызэрызэIуахрэ кьикIуэ лэжьыгъэ гъуэгуанэмрэ нобэ иIэ зэфIэкIхэмрэ. Кьапщтэмэ, мыбы игъэхьэзыр Iэщагъэлlэ ныбжьыщIэхэр ухуэныгъэ инхэр щекIуэкI Iуэхущапlэхэм щыIэзэгъэуфыдащ. Мы илъэсым колледжыр екъулIэныгъэкIэ къэзыухэхэм яхэтщ занщIэу еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэну гупыкъ зыщIаэри, ди республикэм и ухуакIуэ компаниехэм ящхьэну зызыгъэхьэзырхэри. Пум щыгъуэми, ныбжьыщIэхэм кьапоплъэ дерс щхьэпэ кьызыхахьи гъащIэ гъуэгуанэ тэмэм. Нужьрей илъэсхэм ди кьэралым ухуакIуэ Iэнатlэ бгъэдэтхэм яхуищI гульытэр кьэпльытэмэ, ныбжьыщIэхэм яхэтын хуейкъым кьыхаха IэщIагъэм хущIегъуэжьын.

Еджапlэр илъэси 10 щрикъу махуэм ирихьэлIэу ар кьэзыухахэм ящыщу 8-м диплом пльыжьхэр ирагъэжащ.

Колледжым и кьудамэм и унафэщI Бозиевэ Ириндэ кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ мы илъэсым ар кьэзыухэхэм хуэдэу фIыуэ еджа гуп куэд льандэрэ зэрамыIар.

ЛЬОСТЭН Музэ.

● Фэеплъ

ПщIэ хуащI

Илъэситl и пэкIэ экIуэдащ шынагъэншагъэмкIэ федеральнэ кьулыкъум и подполковник, Урысей ФСБ-м и Iуэхущапlэу КъБР-м щыIэм и оперативнэ Iэнатlэм и унафэщI Дзыхьмыщ Мухьэмэд.

АМАХУЭ гуауэм и ужькIэ илъэситI дэкIауэ, Дзыхьмыщ Мухьэмэд и ныбжьэгъуэхэмрэ лэжьэгъуэхэмрэ жэрдэм кьыхалъхьащ «Терроризмым и бий» кьыхуеджэныгъэм щIэту пауэрлифтингымкIэ абы и фэеплъ япэ зэхьэзэхуэу зэIуха ирагъэкIуэкIыну. Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ Пауэрлифтингымкlэ я федерацэхэм я нэIэм щIэту бадзэуэгъуэм и 17-м Нарткъалэ щекIуэкIащ КъБР-мрэ Осетие Ищхьэрэмрэ я спортсменхэр зыхэта зэпеуэ.

Ар кьыщыщэIуахьэм кьыхахъэщащ жьыдэжру икIи узынышэу псэунымкIэ, спортыр жылагъуэм щыхэпщэнымкIэ мы зэхьэзэхуэм мыхьэнэщхуэ зэрилэр. УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI генерал-майор Кменный Сергей спортсменхэм текIуэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну зэрригуапэр жяриащ, абыхэм я екъулIэныгъэхэр а спорт лIэужьыгъуэм щыIналъэм зыщиужьыным и щIэдзапIэу зэрыуынур и фIэщ зэрыхьури кьыхуигъэщащ. «Мухьэмэд и ныбжьэгъухэм ди дежкIэ, мы зэпеуэр ди кьыдэнхэр нэсу зэфIэтхыным нэхъри дытезыгъэгушхуэщ, - жиIащ Кменный Сергей.

Урысей Федерацэм пауэрлифтингымкIэ и федерацэм и унафэщI Устинов Юрий кьыхигъэщащ атлетхэм зэгъусэу зэтеублэным хэльхьэныгъэшхуэ хуэзыщI республикэ федерацэр Къэбэрдей-Балькъэрым спортым зыщегъэужьыным, абы щIалэгъуалэр кьыхэзыщIжьыр.

Щхьэхуэу кьыхэгъэщыпхъэщ пауэрлифтингымкIэ япэ зэпеуэм и судьяхэм я Iэзагъэр. Спортсменхэм щIэрыIуэхэм щIалэщIэхэм адэкIи загъэсэным, екъулIэныгъэхэм хущIэкъуэным тригъэгушхуэрт, кьищынэмыщIауэ, ар щIэтIысхьэнышхуэщ пауэрлифтинг лIэужьыгъуэм ди щIыналъэм зыщиужьыным.

Зэхьэзэхуэм цIыху 51-рэ кьрихьэлIащ. Я хьэлъагъ ельытауэ зыхэта гупым щытекIуэщ Быхъуэрэ Азэмэт, Джэду Исламэ, Мамуетэ Мухьутар, Кьуныжь Кьасболэт, Владикавказ кьикIахэу Лущан Игоррэ Петрюк Эдуардрэ, Жаным Мурат, Гашев Алыхьберды, ЩоджэнщыкIэ Ислам, Кьущхьэ Аслъэнбэч сымэ.

Зэхьэзэхуэм и чемпионщ кг 190-рэ зи хьэлъагъ штангэр зыIэтэ Жаным Мурат. ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ Кьущхьэ Аслъэнбэч. Килограмми 145-рэ зыIэта Лущан Игорь ещанэщ.

Зэхь

Куржыхэм тепщэ лъэпкъыу закъыщІыщыхъужар

● Іуэху еплъыкІэ

Президент Саакашвили Михаил

ССР-р зэрыльэлъэжрэ Кавказ Ищхьэрэми Кавказ ЩІыбми - иэнъэущу жыпІэмэ, зэрыщыту Кавказым - щекІуэкІхэм дуней рогр наблдзэгубдзапльэу кІэльопль, ахэр кьагурыІуэну Іэмал ямыгъэуту. Кавказыр ягъэщъхьажгъэу лІэщІыгъуэкІэрэ зэтрихьа гугъуехьэми нужьрей зэманым зэхэзэрыхьа Іуэхухэми. Ауэ абыхэм ящыщ зым зэхьэжІыщыгъ лъэпкъ имыгъэуту зэрекІуэкІым, абы кьыдэкІуэу зы гъэм нэхьрэ кьыкІэльыкІуэм зэгурымыІуэныгъэрэ гугъуехьу кьиштэр зэрыбагъуэм зегъэІэикуп. Ар сыкъэр Кавказ ІыкоМ щытепщэу щытын хуейуэ куржыхэм къызэральытэрщ.

Сыт хэхаэу куржыхэм апхуэдэу къащІыщыхъур? Лъэпкъыр, хабзэм къезгъэшу хаха унафэщІхэр апхуэдизу къызыщІэщІыжыныр, зи тепщэкІи псуэкІэкІи хуабжьу зэщхьэщыдза щІыналъэм къыщыхъу псоми апхуэдэ мурадкІэ ахэр бгъэдыхьэнкІэ къызыхэкІар сыт?

Деплъынти тхъэпкъырыкІэ. Дохутыр тэмэмым сымаджэм еІэзэн и пэкІэ зэхелъэКІ уэрыфэр къызэрежьамрэ зэрызиужьамр. Дэри дохутыр нэсхэм щапхъэ зтетхьнщи, къыщыхъея махуэм къыщыщІэдзаеу нобэм къэсыху «куржы уэыфэм» зэрызиужьам дыкІэльыпытынщ. Куржы шовинизмэм и зыужьныныгъэр куржы-урысей зэпыщІэныгъэхэм я тхыдэм и купщІэу Іэджэ льандэрэ кьоКІуэкІ. АтІэ нэ жанКІэ а тхыдэм и «КІуэцІым» дивгъапльэт.

1. Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм еплъыкІэм, Урысейм и «жьауэм» зыщІидзэн и пэкІэ Куржым феодальэ зэхэлъыкІэ зызыужьа иІащ. АтІэми ар динКІи абы пэгъуэнгъуат. Абы хьэкІыу, Іыхьэ-Іыхьэурэ мыхьэу, Куржыр зэуэ икІи зэрыщІэту Урысейм гухьащ икІи абдеж щегъэжьауэ пащтыкъым Кавказым щиІэ быдапІэ, зыхуэфащэ унафэщІхэм, дзэ къулыкъущІэхэм я хэкІыпІэ хъуащ.

2. «Куржы лъэпкъыІ» уэздджэн а лъэхъэнэм щыІэтэкъым. ЩыІэр картвелхэрт, мингрелхэрт, имеретинецхэрт, лечхумцхэрт, рачинецхэрт, сонэхэрт, хевсурхэрт, кьинэмыщІхэрт. Куржыр Урысейм пэщІэщІэгъу щыхуэхъуа зэманыр ирихьэлІащ лъэпкъым и зэтеувэгъуэм. Я щыналъхэр зэрыгъэпыалъ, зы диным зэрит къудейм щхьэкІэ лъэпкъ щыкІуэрэ зы лъэпкъ зэкъуэту пхуэзщІэгъуэнукъым, а псори зэхуэдэу зыхущІэкъун плъапІэ гъуэ щымыІэмэ. Ауэ щІыхуэрэ зэщІэзыгъуэу пльапІэ гъуэ щымыІэмэ. Ауэ щІыхуэрэ зэщІэзыгъуэу пльапІэ гъуэ щымыІэмэ, ауэ щІыхуэрэ зэщІэзыгъуэ пльапІэ гъуэ щымыІэмэ. Ауэ щІыхуэрэ зэщІэзыгъуэ пльапІэ гъуэ щымыІэмэ, а псори зэхуэдэу зыхущІэкъун плъапІэ гъуэ щымыІэмэ. Ауэ щІыхуэрэ зэщІэзыгъуэ пльапІэ гъуэ щымыІэмэ,

● Іуэрыіуатэ - дыщэ пхъуантэ

Осетин таурыхъхэр

Зэныбжьэгъугъэм и щыхьэт

Осетинхэр Кавказым куэд щІауэ ис лъэпкъхэм ящыщІу. Аращ зыхьзэу республикитІым щопсэу - Урысей Федерацэм хьухь Осетие Ищхьэрэ - Аланиер Республикэмрэ кьэрал щхьэхуэу зыкъзэпытыныгэк Осетие Ипщэ Республикэмрэ.

2010 гъэм УФ-м цІыхухэр зэрыщабжьам кьыдзэрнгъэлъэгъуамкІэ, Осетие Ищхьэрэ - Аланием цІыху 712.378-рэ щопсэу, абы и къалатщхьэр Владикавказиц. Осетинхэм нэмыщІ, абы исиц урыси, ингушиц, ермэлыи, къумыкъуи, куржыи, тыркуи, украини, азербайджани, адыги, шэшэни. Осетие Ипщэ Республикэм цІыху мин 72-рэ хуэдизэ щопсэу, и къалащхьэ Цхинвалиц.

Адыгэхэмрэ осетинхэмрэ зэгъэунэгъу къудейкъым, атІэ куэд щІауэ икІи зэныбжьэгъугъэ Владикавказ. Абыи къыщыынэрхъым - я псэукІэ хабзэкІэ, цэнхабзэкІэ зэхъуажэу къоГъэугрыкІуэ. Я хабзэхэр щыдзэтехуапи щыІэщ.

Адыгэхэр лъэпкъ куэдым я гъунэгъущ, ауэ осетинхэм ауэдэу благъэ зыхуэхъуа ихэткъым. Пасэм щыгъуэ осетинхэм я бынхэр адыгэхэм кьаныкратрэ ирагъэгъасэу, ирагъэпІу щытащ. Апхуэдэт адыгэхэрэ, осетинхэрэ щІэблэрэ осетинхэм я деж щрагъаджэрт. Нэхъыжьхэм зэрыжаІэжьмкІэ, осетин жыІэхэм я Іэтащхьэу ягъэувынур япэ щыкІэ Къэбэрдейм къагъакІуэртн, зэман гуэркІэ адыгэхэм я зэхэтыкІэм кІэлъапІытыр, хуеджэрт, кІуэжыртн, итІанэрт къуажэ унафэщІу щытыну дзыхь щрагъэзыр.

Осетинхэр ди гъэпкъым къэзэрыхьущтар кьыбжеІэ ахэр адыгэм кьыззреджэу щыта «кашкон» псалъэмк. ОсетинибзэкІэ абы «цІыху дах» ккоКІ.

Апхуэдэу быдэу зэпыщІауэ кьыззрекІуэкІаращ осетин Іуэрыіуатэм адыгэм нжь зыщІихуэ таурыхъхэр, псысэхэр, хьыбархэр гъунэжу щІыхэтри. Псалъэм панпІэ, осетин Іуэрыіуатэм ушыхуэзэ адыгэ таурыхъ гуэрхэр унгу кьэзыгъэжьыжьхэм, адыгэхэм я хьэл-щэнхэр зыхэпІтыгагъуэхэм.

А жыгІаХэм адыгэхэмрэ осетинхэмрэ я зэныбжьэгъугъэ дахэу лЗщІыгъуэ бжыгъэхэр зи ныбжьым я щыхьэтщІ нобэ фи пащхьэ итІъхьэ осетин таурыхъхэр.

Сэхъутэ Лухьрэ Къуэгъуэтькъуэ Пэхьрэ

ЩЫАЩ псэуащ Сэхъутэ Лухьрэ Къуэгъуэтькъуэ Пэхьрэ. Лухь Мизаур, Пэхь Къуэгъуэтькъуэт щыпсэухэрт. А тІур зэн зэрымыгъэуами, ныбжьыгъэ зэрыхъущ.

Зэгуэрым Лухь мэз Іувыжьым щалІуэ ягъуэ зы домбей уІэгъэ ищІащ. Абы и лъы лъэужьым ирикІуэурэ, щакІуэр Урсдон тафэм техьащ икІи абдежьым домбейр къыщиукІащ. А тафэм ар щыІуащ зи ныбжьыгъу пщыкІутІыр щыщІыгъу Къуэгъуэтькъуэм. Лухь къэгуфІэри, ахэр епсыхьи ягъэІуащ. Мо гупыр зэрепсыхьу, Лухь абыхэм яшхэр зыхуей хунгъэзащ, мафІэ ящІри, домбеиль щыщ яхунгъэжьащ. Щу гупым ежьажьиу зыщагъэхьэзырыжьым, Лухь щІэупщІащ:

- Хэт фыкъыну, къэфтыхьхэрэри сыт?

- Сэ сы-Къуэгъуэтькъуэ Пэхьщ, мыхэр си ныбжьыгъэ щыкІутІырщ, - жуэап къитащ модрейм.

- Сэ сы-Сэхъутэ Лухьщ! - жиІащ Лухьи. ЩакІуэтІыр зэщыгуфІыкІри, я Іэхэр быдэу зэрыбыдащ.

Къуэгъуэтькъуэм Сэхъутэм псалъэ кьыІихащ хьэщІэу хуеблэгъэну. ЗэрахъуІа пІалъэр къэри, Сэхъутэр Къуэгъуэтькъуэм кІуащ. Адыгэ уэрхъэр хъэщІэм и щыхькІэ Пэхь и унэм щызэхуэсри, ефэ-ешхэр кьыззІуахащ.

Ефэ-ешхэ Іэнэм здыпэрысым, уэрхъхэм зэныбжьэгъунтІым зыхуаГъэзащ:

- Фэ тІыри фыщакІуэ цІэрыІуэщ. НэхьыфІ дыдэу, нэхъ гукьинэжу кьэфщакІуэхэм я гугъу кьыгъэхуэфІыжьыт.

Къуэгъуэтькъуэм ягъэ кьыригъэжащ и хъыбарыр:

- Зэгуэрым Дзэнкъальщ тафэ хуитышхуэм щакІуэ сыкІуаущ, мыщишэ абы кьафэу нту сахуэзащ. И курыкупсэм зы мыщІэ хужьышхуэ ист, мыдрейхэм абы и хъуреягъыр кьафы-хьырт. Мышцэхэм ар зэ кьафыкъа нэжь, хьэдзэ зыриз яхуидзырт. Мышцэхэм мыщэ хужьыр апхуэдэурэ щэ кьафихьауэ, мыщІэхэм ящІыну зыт абы хуидз хьэдзэр кьыхуэбыдакъым. Мыдрей кьэгубжьри, хьэдзэр къэзымыубыдыфам и нэр зэуэ хуринщІащ. ЕтІуанэуи апхуэдэ дыдэу кьэхъуащ. Абы и ужькІэ мыщІэ хужьым тезгъапсэри кьэзыкІащ. Адрейхэр зэбгрыкьыжащ. Сэ мыщІэ кьэзыкІам сыщыбгъэдэхьхьам кьэсслъэгъауэ еуэхауэу щІым щылъ хьэдзищІр. Сэ ахэр кьасцІэрри, си хьэзырхэм ислъхьащ. Зэрислъхьэхэуи, гын ярымытыжьку нэщІ хъуа си хьэзырхэм езыр-езыру изыбзэу гын кьихъуащ. «Апхуэдэу щыщІткІэ, сегупсысащ сэ, мыр берычэтым и хэкІыпІэ гуэрщ», икІи унэм кьэсхьри, нартыху, гуэдз, ху зэрыскІытэ хабзэ гуэнхэм ислъхьащ. Абдежьым кьыщыщІадзэри, а гуэнхэр нэщІ зэи хъуакъым. Уеблэмэ, кьэзэнщІыну сыхуащІэмыхьэу, езыр-езыруэр кьыщыщІкІыу изыбзэ хьуХэрт. Апхуэдэ щыкІэкІэ сэ си гуэнхэм я кьисхьырт адыгэ лъэпкъым жьэпэпсэ яникъуи ГъавЗ. Апхуэдэурэ екІуэкІащ, кьэзгъэуэта тельыджэм и хъыбарыр ІуэтэжькІи щІэдзэри, а гуэнхэр нэщІ зэи хъуакъым. Уеблэмэ, кьэзэнщІыну сыхуащІэмыхьэу, езыр-езыруэр кьыщыщІкІыу изыбзэ хьуХэрт. Апхуэдэ щыкІэкІэ сэ си гуэнхэм я кьисхьырт адыгэ лъэпкъым жьэпэпсэ яникъуи ГъавЗ. Апхуэдэурэ екІуэкІащ, кьэзгъэуэта тельыджэм и хъыбарыр ІуэтэжькІи щІэдзэри, а гуэнхэр нэщІ зэи хъуакъым.

Пэхь и хъыбарыр кьиІуэтэжа нэжь, Лухь зыхуаГъэзащ:

- Иджы уэ кьытхуэІуэтэжьыт нэхъ тІэщІэгъэзи дыдэу кьэпщэкІуар сытми.

- Зэгуэрым мэз кІыфІыжьым щыщІэу сыкІуат, - кьыригъэжащ Лухь. - Щыкъ кьэзгуКІри, пщыхьэщхьэшхэу лы тІэкІу згъэжьэн мурадкІэ, мафІэ сщІащ. Лыр теслъхьэри, жьэным сежьэу зезгъэщІри, сымышІэхъэу сыщхьэхукъуащ. Сыжеиху мэзыІуІ гуэрхъэщІри сы лыр ишхащ. СыкъыщІыушам, лыр зыпыІпа пхъэ дзаСэм фІэкІа зыри згъэтыжакъым. «Кьыскурикъуащ мэзылІыр», - сегупсысащ сэ. Сыкьэтэджащ, щыхьэм и зы бгъэр зэрыщІэту дзаСэм пысІэри згъэжьэну теслъхьащ, зы пхъэ дакъэ кьэсхьащ, сэ сыІэдэщІыгъам деж згъэтІыпІащ, си щакІуэр тезубгъэущ, сэ адэІуэкІэ сыкъыщІыгъуэтри, кьэхъунум сыпэпІхъэу щІэздащ. МафІэр ункІыфІа нэужь мэзылІыр аргуэру кьыІухащ. БгъэгукІэ пхъэ дакъэм еэри, и бгъэгун хэпъ манСэмкІэ ар тІуэу зэгунэдащ, итІанэ лым етІысхьІэри, нэхъуеІуэ ишхэу хуежьащ. Лыр нишхьу кьыщыІэхфІэуэвжьым, фочыр тезубгъэри сеуащ икІи и бгъэгу дыдэм сытехуащ.

- Иджыри зэ кьауэ! - кьэкІиящ ар.

- Сэ тІэу згъэуэ сщІы си хьэлкъым! Зы згъэуэкІэ зэфІэкІыуу сызэресар! Іуплъэгъуейм и гъусэу псэуху, фызым лІым цІыху хэтыкІэ иригъэщІащ. Фызым лІым и ныбжьэгъу нэхъ губзыгъэкъ кьиригъэблагъэрти, лІымрэ абы-хэмрэ я зэныбжьэгъугъэр щІигъэбл-дэрт. Аузэ лІым пщІэрэ щІыхьэ зы щІыху гуапэ кьишщІыкІащ.

Ильэсыр кІуащ. Фызым шхыныгъуэ Іэфіхэр игъэхъэзырц, темыльт щымыІэ жьыхуаІэм хуэдэ Іэнэ иуэздрп, щІэнэхъ зыхуащІу жьыІэм дэсыр кьиригъэблэгъащ. ХьэщІэхэр Іэнэм пэрытІыс хьакІэу мыдрей щІалэмрэ и фызІуплъэгъуеймрэ эзщІыгъуу кьыІухащ. Ахэр хьэщІэщІыжьм деж кьыщІыуащІ ящІыгъуу хуейр Хьэтіохъущокъуэу Хьэтіэхъущыкъуэ и пхъур зэрыарар.

- ХуэдгъэкІэнщІ Хьэтіохъущокъуэм деж лъыхъур, - жиІащ адэм. - НэгъуэщІ хэкІыпІэ сльагъуркъым.

Лъыхъухэм, зэщІэшасэри, Хьэтіохъущокъуэхэ я дежкІэ яунэтІащ, мыщэщауэри якІэлъежьащ. Нэсахэ нэужь, щауэр хьэщІэщІым деж щепсыжащ, хьэщІэщым щыхьэри, малъхъэм хуэдэу пІанэпэм деж уваш. Лъыхъуу кІуа, мыщэм и ныбжьэгъу щІалэр Хьэтіохъущокъуэм деж щІыхьэри жриІащ:

- Мыр пщІэшхуэ зыхуащІ Къуэгъуэтькъуэ Къуэгъуэтькъу и къуэрац; ар уи пхъум пІохьу.

Я гур мыщэм щІэгъуу, хэгъэрейхэр зэщІэпхъыащ, ауэ хьыджэбзым деж ягъакІуэри ирагъэупщІащ:

- Ухуеймэ, - жраІащ хьыджэбзым, - абы урятынущ, уху ямеймэ - зыми ухигъэхъыкынукым.

Хьыджэбзым жэуап кьитащ:

- Тхъэм натІэ кьиригъкар арауэ кьыщІэкІынщи, сыарэзыщІ сыдэкІэну.

Хьэтіохъущокъуэхэ я пхъур мыщэм ираташ; мыщэми ар и Іэпплэм иригъэтІысхьэри я уэнэ кьихьащ.

Хьэтіохъущыкъуэйр зэрыжьІуэу кьэуІэбжьат:

Пелуаныр лIыжьыр кьингъэриз, кьыыстекIуэкъар хуиIуэтащ. ЛIыжьыр пелуанмрэ зы ужь ит Iуэхум и мыгъэтьпну нкIи кьыжриIащ иджыри кьыздэсри зи Iуэхур фыкIэ нуха зы лейзехьэ кьыззрымыхьэр. АрщхьэкIэ, лIыжьым т хэдиз кьыжримыIами, пелуаным идаехьам абы едэIуэн. Апхуэдэурэ я псалъэр зэфIэнэжьым щIыхуэкIуэм, лIыжь кьэгубжьам жиIащ:
- Уэ Адэлджэрий Iэшэкlи урикьнущ!
Пелуаным, лIыжьыр кьыщIэнкIэу кьыщыхьурри, Адэлджэрий Iэшэр щIыпсэр кьыхуиныIуэгъну пнубыдащ.
- Адэлджэрий Iэшэ мис мыпхуэдэ хэкум щопсэу, - жиIащ лIыжьым, - аджкIэ уи лIыгъэ кьыззрихьщ!
Нэсащ пелуаныр лIыжьым жьыуиIа хэкум нкIи елъагъу: лIыжь Iэшэ гуэрым I э лъэныкъуэкIэ хьэпщ кIыгъащ гуэдз щIегъэпщ.
- Iуэхуфlохьу апщий! - пелуаныр лIыжьым бгъэдыхьэри, сэлам ирихащ.
- Еблагъэ, хьэщIэ! - жуаап кьитащ Адэлджэрий Iэшэ.
- Мы жьыпсм дэсхэм Адэлджэрий Iэшэ хьужьир хэт? - щIэупщIащ пелуаныр.
- Мы жьыпсм сэр нэмыщI Адэлджэрий Iэшэ дэсхьым.
Пелуаным игъэщIэгъуащ нкIи лIыжьыр кьыщIыдыхьэшхыу кьыфIэщIащ. «Ар дауэ, - егупсысащ пелуаныр, - мы Iэшэ гуэрым и ныбжьыр зэрызрэзэнмр?»
- Сэ уэ сынозэуну, си лIыгъэр зыкъуэдэгъэ згъэнэхужьыну сыкьпихуэхIуащ, - жриIащ абы Адэлджэрий Iэшэм.
Адэлджэрий зыкьомрэ щыгащ пелуаныр. Мэзым щыпсэуащ: абы тхьэ иIуат дяпэкIэ и кьаурр зэи имыгъэуэнэхужьыну. Ауэ пелуаныр щыкIэрымыкIыжьхэм, арэзы хуещI нкIи япэ уэгъащ хьэщIэм иритащ. Пелуаным и кьэуалир лIыжьым тригъапсэри, и бгъэм хуэзэу еуащ. Адэлджэрий и гуфIакIэм дэлэбжащ, зы шэ кьыдихри, пелуаным кьригъэпльэгъащ:
- Мис уи щэр!
Пелуаным и сэшхуэр кьрипхъуэтри, Адэлджэрий Iэшэм еуащ, арщхьэкIэ сэшхуэр тIуэ зэпыщIыкIащ.
Иджы узгъуэр зейр Адэлджэрий Iэшэти, абы Iэ лъэныкъуэкIэ иIыгъ хьэнцэмкIэ пелуаныр иубэрэжьу щIидзэри, лIэн-кьэнэн жьыуаIэм нэсыу инубэрэжьащ. Пелуаныр, и жажьыр кьыззрыкIащ: Адэлджэрий гурыIуэжым, Адэлджэрий елъэIуу щIидзащ:
- СумыукI! Сэ а уи кьаурр кьыздипхар кьэсцIэну сыхуеинщ!
Адэлджэрий зыщIэгупсысыкIащ: «Сэри сыщыщIуэ кьэхъуащ».
Абы мурад ящIащ пелуаныр имыукIыну, атIэ гъуэгу захуэ тригъэувэжыну.
Адэлджэрий пелуаныр унэм иригъэблагъэщ, Iэнэ кьыхуищтэщ, зыхщIэр иргашхэри, жиIащ:
- Сэ сыхуейщ уи кьаурр Iуэху Iейхэм хуумыгъэмкIыну. Гъэуэ зауэ теувэж.
Пелуаныр Адэлджэрий Iэшэ елъэIуащ и кьаурр кьыздрихар кьыжриIэну.
Ащ тIур пэш щхьэхуэ щIэтIысхьэри, Адэлджэрий Iэшэ езымрэ и кьэушэмрэ я хъыбарыр кьригъэжьащ:
- Сэ зэкъуэшых дыхьурт, бзаджэнджагъэрэ гущIэгъуншагъэкIэ кьытпэхьун мы дунеим темытру. Зэгуэрым ди шыуанэ зэщIэтIэтхъэщ, зызэщIэдузадэри, хьунщIакIуэ дежьащ. Цыхуу щыIэзэмыкIуэ гъуэгу бгьнэжа гуэр дытехутэри, абы дытету махуэ зыбжанэкIэ дыкIуаеу, ди япэкIэ жьыжьапльэу зы ныбжь фIыщIэ кьэтпльгъуащ. Ар дымыгъэщIагъуэу кьэнакьым - мы щIыпIэ бгьнэжам ар кьыздикIар дэнэ? Дишхэр мафIэ пьгъэнам хуэдэт, дельэдэкъуэри, зы напIэзыпIэм дынэсащ ныбжь фIыщIэр щIытпэгъуа щIыпIэм. Ныбжь фIыщIэр вы зыщIэщIа выгут. Гублащхьэм зы фызыжь кхъаэ дыдэ дэст, абы и щIыбагъкIэ гум илът илъэсищэм нэблэгъэн зыжь. ЛIыжьым уанэр и пIэщхьагът, и фочыжьыр езым кьыбгурыпльт, и шыр выгум нэрыщIауэ кьакIэпльыкIуэрт. Дэ, зэш зыкъызыфIэщIыжахэм, лIыжьым дыщIэнэкIэну дигу кьиухащ.
Шы ахъырэмэнэжмкIэ выгум дебгъэрыкIуэурэ, выхэр зэм зы лъэныкъуэмкIэ, зэм адрей лъэныкъуэмкIэ гъуэгум тетхурт. Фызыжьыр куэдрэ щIэупщIэлъащ:
- Фыбэну, щIалэхэ? ФызэрыеIуящIэм лIыжьым гу тьитэмэ, я кьывиитынщ.
Зэшхэр дыдзэпльыжри, ди пащIкIэ дыщIэгуфIыкIащ: сыт мы фызыжьым дыззригъэшынэну хэтыр?
ДыщымыкIэзэум, фызыжьыр жейуэ щыIэ лIыжьым мащIэу еIуэри, жиIащ:
- Унгу кьысщIэгъуэрэ, сыкьыщIыпшэм щыгъэ уиIа кьаурр кьызмуитъэсэбэпмэ, уи гъащIэр бухауэ гъытэ!
ЛIыжьыр кьызэщIыри, фызыжьым еупщIащ:
- Сыт кьэхъуар, кьыпщыщIар сыт?
ЛIыжьым и щхьэр кьыIэтуэ зыщIапIыхьэм, кьыльэгъуащ зэшхэм щIыпсэ ящIэ зы фызыжь кьэхъуар? Ар ди ныбжьыр ящIэ, ауэ зэ, сэлам едмытыжу, дызэпльыжри, дыпыдыхьэщхыкIа кьудейщ.
ЛIыжьыр дыкьызздикIымкIэ, дыздэкIуэмкIэ, дызыщIысымкIэ кьытткърыущIыхьащ. Дэри абы жеIащ:
- Дэ зэшихэр дыпелуанщ, дылейзехьэщ. Уэ тIэкIу дыпщIэнэкIэну мурад тщIауэ аращ.
- Фэ фыщIащэхэщ, сэ сылIыжьщ, - жеIэ абы. - ФыукIытэркъэ фыкьыщIэнэкIэну?
Ауэ дэ лIыжьым щIэнэкIэн щыдгъэтакъым нкIи гушыIэр ауэрэ зэфIэнэм хуэкIуащ.
- АтIэ, - жеIэ лIыжьым, - сэри си шым сышэсынщи, Iэщэ кьэсщтэнщ.
Апхуэдэуи ящIащ, и шым щэсри, зэшхэм дэ зэхуэныкъуэ ящIащ. Ауэ ди ужь кьынащ, дэ выгум и пэ диту докIуэ. Зыкъомрэ дызэдэуэ нэужь, лIыжьыр арэзы хуещ ди лIыгъэр зэрыпIуэну.
ЛIыжьым япэ узгъэр дгъэзэри, нэхъыжьхэм зыкъэIэ кьыщIэддзэу дыуэну. Ди къуэш нэхъыжьым джатэр кьригъэщIэфтщ, шым зридзри, лIыжьым ебгъэрыкIуэу, защIэу джатэмкIи еуэу, шыбгъэкIи теуэу. Мис апхуэдэу гъуэрыгуэххэурэ дытеуащ зэшхэр псори лIыжьым, ауэ ди джатэхэр, лIыжьым и джатэм кьызэпнуащ. Иджы лIыжьым и чэзыр кьэсати, и шым зыкъригъэзэрэжащ нкIи кьыжриащ:
- Зи гугъу пщIыр сыт хуэдэ ахьшэ щIыхуэ? ЩIыхуэ гугъу иджыри зэ нэхъ мыхьуми кьысхуэпщIэ, зыгъэуэхъуэр узэрэгъуэтынщ!
Кьуейсыз кьэгубжьам хьаным и шы табыныр кьидигъури, шыхэм езым и дамытэ ятригъэуащ. Ауэ абыкIи игу зэгъакIым кьуейсызым нкIи иредт ящIащ хьаным и кьэр кьидигъуну. Апхуэдэуи ящIащ: хьаным и кьуэ закъуэр кьидигъури, еджапIэм яритащ ирагъэджжну. Хьаным фIа дыгъуа шыхэмрэ и кьэмрэ кьилъхъуэрэ, зы Iэзэ гуэрым етIэуащ:
- Си кьымрэ сишхэмрэ ядыгъуауэ згъэутыжыркъым! Апхуэдэ игъащIэм кьысщыщIакъым. Кьыздэпэныкъ!
Iэзэм абы кьыжриащ:
- Аха кьыщумытыхъуапхъэ кьыщумытыхъуэу, зи ахьшэ щIыхуэ зумытыжам деж щыIэныхъуэ.
Ар апхуэдэу зэрыщIытхъ хьэкъ щыхъ папщIэ, хьаныр Iэзэм еIэуащ кьуейсызым и фызым щхэуу кIэщIэ зэрыщIэжащ.
Iэзэр кьуейсызым и фызым дежь кIуэри, игу щIэгъуфэ зытригъауэурэ жриIащ:
- Уи лIым лажьэншэу ели кьытехьащ, и ахьшэ щIыхуэр кьуртыжыну хьаным щыжриIэм, и лIыщIхэм кьаригъэубзэрэжьащ.
Фызым Iэзэм кьыжреIэ:
- Сэ абы сыщыгъуазэкъым, си лIым зыри кьызжиIакъым.
- АтIэ, дауэ уфыз уэ, уи лIым и Iуэхуэм зыри хьумыщIыкIыу! - жеIэ Iэзэм.
Арати, мызигъуэгъм зыри кьымыщIэфауэ кIуэжащ Iэзэр.
Кьуейсызым и фызым пщыхьэщхьэм, зигъэгусауэ, и лIым хиIуэтэжащ Iэзэр кьыззрыкIуар. Абы и жуаату лIым жиIа кьудейщ:
- Дэтхэнэми езым ейр къысижащ. ЕтIуанэ махуэм Iэзэм фызым деж кьытригъэзащ:
- Зыгуэр къэпщIэфакъэ иджыри?
Фызым жэуапыр итащ:
- «Дэтхэнэми езым ейр къысижащ, Тхьэм хьэр хуищI!» - кьызжиIауэ аркъудейщ.
Iэзэр псынщIэу хьаным деж кIуащ:
- Бжеслатэжъ уи кьуэмрэ шыхэмрэ ахъшэ щIыхуэр зумытыжам деж зэрыщыIар!
Хьаным кьуейсызыр кьыриджащ:
- Си кьымрэ сишхэмрэ уи деж щыIэ?
- ЩыIэщI! - жуаат итащ кьуейсызым.
- Абы щыгъуэм си хьанныгъуэр уэзот. Ауэ щыгъуэм хьану щытыну зыхуэфащэр, ахъумэ сэракъым.
А зэман дыдэми, лIым ипIыну зриштэлэжа зеиншэм, и ней зэрышIэлIэжам техуауэ, зэрнукIын Iэмал кьилъхъуэрт.
ИтIанэ кьуейсызым жиIащ:
- Сыту захуэт си адэр? Си щхьэкIэ згъэзэхуащ абы и чэнджэщхэм я пэжагъыр.

Щыхуэ

КЪУЛЕЙСЫЗЫР лIэри, и фызымрэ и ныбжьыр зэрыщIэкIыжащ. Абы-хэм шитIрэ зы шыгуэрэ яIэт, апхуэдэуи щIхуэу сом мин итыжьын хуейуэ къэнат.
Фызыр зыкьомрэ гупсысэри, ищIэнур кьыщIыхуэмыгупсысым, щоджэным деж кIуэну мурад ящIащ.
КIуэри жриIащ:
- Си щхьэгъусэр щыIэм щыгъуэ уэсат кьысхуэщIащ: Шитыжьрэ зы шыгумрэ щоджэным етI! - жери.
Ар щыгъэхихым, щоджэным жиIащ:
- Уи лIыр губзыгъэу щытащ, губзыгъэуи дунейм ехьажащ.
Фызым и псалъэм кьыпещэ:
- КьищынэмыщIауэ, абы мыпхуэдэ чэнджэщи кьызитащ: «Дипхъури уи гъусэу, щоджэным деж лэжьакIуэу фIыуэ, фIыуэжьэ!»
- Ар чэнджэщэгъуфIу щытащ, апхуэдэуи дунейм ехьажащ.
КьищынэмыщIауэ, ар щыIэм мыпхуэдэ, зы псалъэ ящIащ: «Сэ зыгуэрым сом мин ныкIуэ естыжьын хуейщи, щоджэным елъэIуи, пхуритыжынщ», - жиIащ ар гъуэгу фызым.
Ахьшэ щIыхуэ гугъу щызэхихым, щоджэнмрэ къэгубжьащ:
- Уи лIыр щыдым хуэдэу щытащ. Щыдым хуэдэуи ящIащ!
Фызым и лъэIур щыхуимыщIэм, щоджэнмрэ зыщIэзгъэгъуэ кьэнэжащ, кьуейсызым и фызри и пIэ кьинэжащ.

Пхъэ гулъэ

КЪУЛЕЙСЫЗ гуэр лIати, щоджэнымрэ и дзэпыкъуэгъумрэ ираджащ. Зэрахабзэу, пхъэмбейр уэрамым дежь щагъэуври, щоджэнмр и кьалэнэжа яужь ихьащ. А зэманым дыдэм щыIэщ зы кьуейсызы гуэрым абдеж выгуKIэ пхъэ гулъэ блишырт, бззэрым щищэну. Щоджэнмм абы гу лъитащ икIи кьибжэкъэ и кIэм нигъэсын зэрыхуейр Iэщ1эгъэщIкIри, а пхъэ гулъэр зэрыгъэхьа зэрыхьнымк егупсису хуежьащ нкIи жиIэхэм мыпхуэдэ псалъэхэр хигъэуваш:
- Ей, пхъэр ящэну зышэ! Пхъэр си деж нашэ. Сэ ящIыпсту мы Iуэхур зэфIэзгъэкIмэ, хьэдэщIэтхъапщIэу лIам и шыдыр кьайбысхынщ, ар сщэнщ, пхъэ уасэу

КІыщокъуэ Алим и тхылъыщІэ дунейм кьытехьащ. УсакІуэм ар и анэ Куэз ирегъэ-лъагъу. *1964 гъэ, бадзэуэгъуэм и 18.*

ФІыгъуэ мылъытэ

**КІыщокъуэ Алим и усыгъэхэм, и роман гъуэзэджэхэм яубыхьуащ зауэ нэужь илъэсхэм гъуэгуанэщІэ техьа къэбэрдей литературэм и хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэмрэ и уэзгІыпІэхэмрэ. Побэрей ди литературэм и лъэпкъ фащэхэр, абы къыщІэлъ гъуэгуанэм и гъэзапІэхэр зыубгъхьуар КІыщокъуэ Алимщ. ДэркІэ фІыгъуэ мылъытэщ Алим къыззринэкІа дэтхэнэ тхыгъэри - ахэр гъэнщІащ гупсысэр зыгъэлажьэ, гъащІэмрэ зэманымрэ я куупІэр зи лъабжьэ псалъэмакьиІэ. Тхыдэр игъэбагэми, побэрей дунейм и шыфхІыфэр, и зэхэлъыпІэхэр, и унэтІыпІэхэр игъэнахуэми, Алим и кьалэмым цІыхум и гущІэлъапсэм дрегъаплъэ, абы и фэм дэкІымрэ и гум щыщІэмрэ ди пащхьэ кърелъхьэ.

Алим и тхыгъэхэращ къэбэрдей литературэм и цІэр къэрал псом щызыгъэІуар. Ди литературэр зи лъабжьэр куу, зи пщІэр лъагэ художественнэ хъугъуэфІыгъуэ хъуамэ, ар, псом ипэрауэ, зи фІыщІэр КІыщокъуэ Алимщ.

Алим и цІэр зэн щыгъупщэнукьым ди лъэпкым - апхуэдэ цІыхур уахътыншэщ. Ди лъэпкым ар хуэупсащ эр темыпыІэу зызыужь етІощІанэ лІэщІыгъуэ хьэтъэм и гупсысэ жанэхмкІэ гъэнщІа, зэманым ди пащхьэ кьригъэувэ упщІэхэм я нэхъ гугъуми жэуап зыщагъуэт тхыгъэ телъыджэхэмкІэ.

КІыщокъуэ Алим пщІэшхуэ зиІа, цІыхугъэ лъагэр лІыгъэ мыкІуэщІыжьр зыхэтъа цІыхуу щытащ. Сыт хуэдэ Іэнатіэ бгъэдэувэми, ар псомкІэ къахъщырт и гуащІэр зэрыннымкІэ, зэрыцІыху пэжымкІэ - абыкІэ щапхъэт Алим дапщэщи.

Къэралым хуэфащэ пщІэ кьыхунщІащ адыгэ тхакІуэ, усакІуэ щэджащэм и гуащІэдэкІым - Алим къыфІащащ Социалист Лъэныгъэм и Лыхъужьыр цІэ лъапІэр, РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр къратащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ цІэ лъапІэр зэрихьащ. Алим и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсащ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм нужьрей илъэсхэм кьыщыдэкІа томихьм, ахэр бзэ куэдкІэ зэдзэкІауэ дуней псом щызэбгрыкІащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Си Іэдакъэм щІокІ жыг хадэ

Пщэдей Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим къыщалъхуа махуэщ

Псэм и зы Іыхьэ

Умыгъэщ1эгъэуэнкІэ Іэмал зимыІэщ зэхэщыкІ зиІэ цІыху мы дунейм кьызэрытекьуэрэ зытеусыхь темэхэм КІыщокъуэ Алим езым и еплъыкІэ щхьэхуэ - ар дахэрэ купщІафІэу - кьызэрызыхуигъэзытыр. Апхуэдэщ цІыхуу зызыльытэжым и псэукІэм, усакІуэм и пщэрылъым, дунейм и зэхэлъыкІэм, гъащІэм и мыхьэнэм теухуа тхыгъэхэр.

АПХУЭДЭУ къэпльытэ хъунущ тхыдэм, дунейм и дахагъэм теухуа усэхэмрэ поэмэхэмрэ. Псом хуэмыдэу гу зылъыуегьатэ усэкІуэм и пейзаж лирикэм. Ар ауэ дахагъэ гуэрхэр кьыщыгъэльэгъуэ тхыгъэ кьудейкьым, атІэ икІи гупсысэ кьуэдкІэ гъэнщІа усыгъэхэщ.

«Адыгэ уафэ», «Адыгэ хэку», «Зеич лантІэ», «Ди унэжьы», «Уи хэку жыг закьуэ фІэкІ имытми», «Кьуэмыкьей кьудаэмэ», нэгъуэщІ усэ тельыджэ куэдыр ди лъахэм и фэепІь дахэщ, къэбэрдей литературэр зэрыгушхуэщ.

КІыщокъуэ Алим дежкІэ анэдэлъхубзэр ауэ зэрыпсалъэ, зыхэпсэукьи зэрызэгурыІэнэщ Іэмэпсымэкъым, атІэ псэм и зы Іыхьэщ, езы дыдэм и цІыр зыгъэІури а бзэращ. Ауэ бзэр ар зи Іэщ1агъэм ищІэн хуейуэ, адрейхэр зыкъуехёмкІи хьуну аракъым:

Бзэ зимыІэр, щІыпІэм тетми,
Хуэдэ кьабзэщ кьамыльхуам.

Апхуэдэу бзэм теухуа усэхэр зы гупльшхуэ мэхъу, зым нэхърэ адрейр нэхъ екІуу, гупсысэ кІуэкІэ гъэнщІауэ. Ахэр анэдэлъхубзэм щхьэжэ ятхагъуэ дунейпсо поэзием хэт усэ нэхъ гурыхь дыдэхэм ятепджэжу жьпІэ хъунущ.

КІыщокъуэм и поэзием и лъагапІэщ и лирикэр. Ди лъэпкъ поэзием дежкІи Кавказым ис лъэпкъхэм я поэзием дежкІи ар щапхъэщ. Апхуэдэр кьызэхъулІар КІыщокъуэрщ, икІи ар а усакІуэ ардэм и хэлъхьэныгъэшхэр кьэбэрдей поэзием хуэхьуащ.

КІыщокъуэ Алим зэрыусакІуэщхэм, абы и поэзиер ди адыгэ лъэпкъ литературэм и хьугъуэфІыгъуэ ину зэрыщытым шэч хэлъкьым. Ауэ тхакІуэ щэджащэм и поэзием зыкІи пабдзэх хьунукьым и прозэр - романхэр, пьесэхэр, повестхэр, хьыбархэр, публицист тхыгъэхэр. Псальэм кьыдэкІуэу жьгІэнщи, КІыщокъуэ Алим и творчествэр зэрыщыту кьызэдэпштэмэ, абы и зы дамэр поэзиеращ, адрей дамэр абы сыткІи пэхьун прозэрщ.

КІыщокъуэм и тхыгъэхэмкІэ ущиен кьудейр, е гиеныр, е цІыху гуэрэр идее гуэрэр хэІэтыкІауэ гъэльэпІэныр кьалэн зыщищІыжыркьым. Абы и пщэрылъыр кьуэтэныгъэмрэ гъэльэгъуэнымрэщи, гъащІэм щыщ зы пычыгъуэшхуэ ди нэгум кьыщІегъэхьэ - зыри тримыльащІуэ, имыбзышІу, езым и еплъыкІэри залымыгъэкІэ кьыптимыуБыдуэ.

ТхакІуэ уардэм и Іэужь псоми щхьэхуэ-щхьэхуэурэ дытепсэльыхьын тхуэзфІэкІыну кьыщІэныкьым. Ауэ КІыщокъуэм Хэку зауэщхэм тритхыхьа «Нал кьутам» и гугъу дымышу дыблэжі хьунукьым.

Мы тхыгъэр ищхьэкІэ дызытепсэльыхьа тхыгъэхэм зыкъомкІэ поджэж. Кьапщтэмэ, мыбыи зы Іыхьэжь нэхъыщхьэ закьуэ кьыпхухэгъэщхьэхухЫнукьым. Ар икІи Албиягщ, икІи Апчарэщ, икІи Локотошщ, икІи Кьэщрокьуэ Дотийщ е Бекьанщ. Нэхъ тэмэму жьпІэмэ, ар лъэпкъым и цІыху пажэхэращ, езы лъэпкырыщ.

Псом ящэу тепсэльыхьын хуейуэ кьыщІэкІынщ романымрэ гъащІэм и пэжымрэ зэрызэхущытым, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, а Іэхухгъуэрщ 1974 гъэм псалъэмакьышхуэ кьрагъажьэу тхакІуэр хьІупс ящыну зэрыхэтам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр. Ар зыуБахэм я нэхъыбэм жаІэрт Іуэхур зэрекІуэкІа дыдэмрэ ар романым кьызэрыщыгъэльэгъуамрэ зэттемыхуэу. Абы щыгъуэми щапхъэу кьахьыр Іуэхугъуэ щхьэхуэ гуэрхэрт, псальэм папщІэ, колхоз мылькур гуэшын щыщІадзар, нэмыцхэр Бахьсэн кьызэрызэпрыкІар, а зэманым республикэм кьулыкъущхуэ зезыхьэу исахэм и Іуэху зехьэкІар, нэгъуэщІэрэ. А псор зэрыщытэ дыдэмрэ авторым кьызэригъэльагъуэмрэ яхуэзхуэгъэхьуртэкьым, романым щыжІаехэр пцІыуэ ялытэрти, Кьщокъуэр абыкІэ ягъэнхьуаншэрт. Абы щыгъуэми, зыми игу кьэжІыжажьым зи гугъу ящІ тхыгъэр тхыдэ кьэхутэныгъэу, къэхьуа Іуэхухэм я пэжырыІуатэу зэрыщымытыр, атІэ ар зэрыхудоЖественнэ произведенэр, эстетикэ хабзэкІэ гъащІэм и купщІэр кьэзыІуатэу зэрыщытыр.

Ауэ тхакІуэм кьызэригъэльагъуэмкІэ, сыт хуэдэ щыуагъэ щыІами, хэт сыт хуэдэ щыщІэныгъэ хэлъами, бийр сыт хуэдэу бзаджэрэ льэщу щытами, фІыр текІуэу зи налыр кьутар хэкум кьихьа зэрыпхьуакІуэхэрщ. Ди гугъэщ тхакІуэм и идее нэхъыщхьэу щытар ар гъащІэм и хабзэ нэхъыщхьэу къэгъэльэгъуэныраУэ.

ТхакІуэшхуэ-усакІуэшхуэм и творчествэр щІэныгъэлІ, критик куэдым кьапщытэ, диссертацэхэр, тхыльхэр, статьяхэр абы тратхыхь. Пэжыр жыпІэмэ, КІыщокъуэ Алим адыгэ литературэм, учсейпсо, дунейпсо литературэм ХэІэтыкІэ зыщІэ гулыпІэ нэхъыбэжь хуэфащэщ. Ар я пщэрылъ кьэжІэнуэр зейхэм - ди щІэблэм.

ГЪУТ Іэдэм,
филологие щІэныгъэхэм я доктор.

Псалъэ шэрыуэ

КІыщокъуэ Алим ныбжьыкІэ лъэпкым быдэу пыщІащ. КьызыхэкІа лъэпкым и бзэ кьулеягъыр абы Іэкіуэлъакіуэу щегъэшэрыуэ гурыщІэ нэхъкІэ псыхьа и усэ купщафІэхэм. Алим и псэм и щІасэщ псалъэ шэрыуэр, гухэль пшынальэхэм кьадэкІуэу, гушыІэ дахэми хъуэрыбзэ жанэми абы и усэхэр ягъэщІэращ. Псалъэ тэрэфарэ куэдым нэхърэ абы нэхъ фІэтэмэмщ эпитет шэрыуэр. Абы и усэхэр льэныкьуэ куэдкІэ уэзщІащ, купщІафІэщ.

Кьызыхэкіа лъэпкым и гъащІэм нэхъ Іуэхугурыщ1э нэхуКІэ псыхьа и усэ купщафІэхэм. Алим и псэм и щІасэщ псалъэ шэрыуэр, гухэль пшынальэхэм кьадэкІуэу, гушыІэ дахэми хъуэрыбзэ жанэми абы и усэхэр ягъэщІэращ. Псалъэ тэрэфарэ куэдым нэхърэ абы нэхъ фІэтэмэмщ эпитет шэрыуэр. Абы и усэхэр льэныкьуэ куэдкІэ уэзщІащ, купщІафІэщ.

КІыщокъуэ Алим нобэ ди совет поэзием жьантІэр щызыІыгъхэм ящысщ.

АР СЫТ и лъэныкьуэкІи лъэпкым быдэу пыщІащ. Кьызыхэкіа лъэпкым и бзэ кьулеягъыр абы Іэкіуэлъакіуэу щегъэшэрыуэ гурыщІэ нэхъкІэ псыхьа и усэ купщафІэхэм. Алим и псэм и щІасэщ псалъэ шэрыуэр, гухэль пшынальэхэм кьадэкІуэу, гушыІэ дахэми хъуэрыбзэ жанэми абы и усэхэр ягъэщІэращ. Псалъэ тэрэфарэ куэдым нэхърэ абы нэхъ фІэтэмэмщ эпитет шэрыуэр. Абы и усэхэр льэныкьуэ куэдкІэ уэзщІащ, купщІафІэщ.

Кьызыхэкіа лъэпкым и гъащІэм нэхъ Іуэхугурыщ1э нэхуКІэ псыхьа и усэ купщафІэхэм. Алим и псэм и щІасэщ псалъэ шэрыуэр, гухэль пшынальэхэм кьадэкІуэу, гушыІэ дахэми хъуэрыбзэ жанэми абы и усэхэр ягъэщІэращ. Псалъэ тэрэфарэ куэдым нэхърэ абы нэхъ фІэтэмэмщ эпитет шэрыуэр. Абы и усэхэр льэныкьуэ куэдкІэ уэзщІащ, купщІафІэщ.

ТИХОНОВ Николай,
урыс тхакІуэ. 1964 гъэ

Къела къудейкъым

Зы нэкІэ слъэгъуащ Алим ІІы хуэдэу Іуащхьэмахуэ зэрыдэкІыгъар. Абы и ужькІэ КІыщокъуэм и усэ дапщэрэ сыкъеджами, си нэгум кьыщІыхьэрт Алим Іуащхьэмахуэ дэкІыу зэрыслъэгъуауэ щытар.

ДЭТХЭНЭ зы тхылъыщІэри тынш щыкІуэ къеХъулІакъым Алим. Зауэм и мафІэлыгъэм ящыпІагъуауэ, гуэвзгъуэ Іэджэм и гур ирадуауэ, и ныбжьэгъу балъкъэрхэм кьатепсыха гуаузшхуэм иужьыгуауэ и дуней гъащІэр кьрихьэкІ пэтми, Алим а псоми кьелащ, кьела къудейкъым, - абы дэгъуэу кьохьулІэ Іуащхьэмахуэ щыгур пщІэрэ щІыхькІэ къыпІыызыгъэсыну тхылъыщІэхэр...

Езы Алим щыслъагъэри, абы и тхылъэм сыкъыщІеджэкІи, си нэгу щІэтщ Кавказым и кьурш уардэхэм я бын бгырыс лІы щэджащэм и теплъэр.

ГУЛИА Георгий,
абхъаз тхакІуэ.
Сыхъум кьалэ. 1964 гъэ

Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ тхакІуэ. 1994 гъэ

Дэтхэнэ тхакІуэри зыщІэхьуэпс насыпыр Алим къехьулІащ. Ар хьуащ цІыхубэм фІыуэ ильагъу тхакІуэщхэу, адыгэ лъэпкъ пагэм кьызэрыхкІар сыт щыгъуи и напщІэм телъу, абы иригушхуэу. Алим пщІэшхуэ хуещІи и лъэпкъым и хабзэфІхэм, нэмысым, фащэм.

БРАТ Хьэбас,
Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ тхакІуэ. 1994 гъэ

Льэпкъым и вагъуэ

Зы ныбжьыкъым икІи ныбжьитІкъым Алим и усыгъэ жьгъыруухэм, и роман купщІафІэхэм щІапІыкІар. Адыгэбзэм и Іофыр зыхэзыщІэну хуей дэтхэнэми нэхъ ильэпажэ дыдэхэм ящыщи абы и тхыгъэхэр, льэпкъыр щыІэхукІи, пэчэ хэмыльу, ди литературэм и жьантІэм Алим и щІэр жьгъыруу кьыдэІукІынщ.

ПЭЖЫР и гъуазэу, лЫгъэ хэлъу, гуащІафІэу дунейм тетащ, льэпкъыр зэрыгушхуэн Іэужь дахэ куэд кьыщІэнащи, зэи цІыхухэм я гум ихункьым КІыщокъуэ Алим и щІэр, псори дызэрыгушхуэ вагъуэу льэпкъ щэнхабзэм и уэгум льагэу итынщ.

ГУТЫЖ Борис,
КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ. 2004 гъэ

Шу

КІЫЩОКЪУЭМ и творчествэм зэпымыуэ дызыщихьэлэ шум и образыр кууэ икІи гъунапкъэншэу зэрыщытыр кьыдгурыІуэн хуейщ: ар зэщхьыр увыІэгъуэ зимыІэу кІэрахъуэ дунейращ, ауэ щІыхъукІи нэр темыпыІэу гъэзагум тетщ а шур, ар зэрымыувыІэм хуэдэу, езы усакІуэми и акъылымкІэ, и псэмкІэ кьинтІащІ лЫхъужьхэми увыІэгъуэ яІэкъым. Ахэр къэувы-Іэмэ, дунейр, гъащІэр псэншэу я пІэм кьина пэлъытэщ.

Апхуэдэ гупсысэращ КІыщокъуэм и шум дызыхуишэр.

АЛЕКСЕЕВ Михаил,
урыс тхакІуэ. Москвэ кьалэ. 1974 гъэ

КІЫЩОКЪУЭ Алим и усэхэр

* * *

ФІымрэ Іеймрэ зэхэбгъэкІыу
Упсэныр насыпышхуэщ.
Зи акьылым ар кьитІасэр
Теувэнущ нэхъ гъэгуэщ.

Дянэм жиІэрт: уи щхьэр хьумэ.
Дядэр напэм хуэгуэзавэрт,
Къуэш нэхъыжьым, сышыуэхукІэ,
ПэкІэ щІыпІэр сэ сигьавэрт.

ЩІыр зывэни дэ кьытхокІыр,
ПсыЕрышэ зышэр мащІэ?
Гум кьинэжу уэрэд махэ
Зэхэзылъхьэм яугъащІэ.

Зым хуэмыфІыр зыми щыщкъым,
Псэу-мыпсэуми хэт хуэныкьуэ?
ЩхьэпэкІ хьуну льэмыкІамэ,
Арщ хуэхъуарн гъащІэм дыркъуэ.

Гъатхэм пщІащэр кьеГъэушыр,
Удзхэр дахэу кьыдогъагъэ.
Сэбэпынщэу гъащІэр зыхьыр
И пІэ ягу ирезагъэ.

ФІым хущІэкъуу цІыхур псэумэ,
Арщ псэунур псэукІафІэу.
Ем хущІэкъур ем екьыжри
Гыбзэ псальэм есыр мафІэу

Льэпэрапэм дяпэ итыр,
Димыувэу дэ ди мыпІэ,
Ди щхьэм хамэр пэтлыытыфу
Дыщытамэ - дитт тыншыпІэ.

* * *

Гъатхэ кьэскІэ я гъэльэхьэгъуэу
Кьэзыгъаязэр кьуалэбзу?
Зэманыгъуэ бзэм щІэзэгъэм -
Бгъуэтмэ, кьащтэ и чэзыр.

Кьэралыгъуэу дапщэ щьІэ,
Бзэ умыщІэм сыт ущыщ?
Пащтыхь пащхьэ зэ сихуауэ
ЕзгъэщІакьэ сызыщыщ.

Сэ Іуэху инхэр си пщэ дэльми,
Адыгэбзэр сщІат гурыхь.
Я зы лЫщхьэ си тэрмэщу
Сепсэльакьэ сэ пащтыхь.

Си льэпкъэгъуэхэм сахьихьэжмэ,
Мис аргуэру чэмщ тэрмэш.
Бзэр мыбзэжмэ, псальэр щыкъуну
Кьуалэбзуэхэм яхуэвгуэш.

* * *

Щыдэжныир щыдэжауэ
Уафэм, пщІэрэ, сыт и ныбжь?
Джабэм, мэзым ябгынауэ
Мы зы гъэкІэ изщ гъэужь.

ПщыІэ хужьу кьуршхэр итщи,
Дыгъэм джабэр ирагъэу,
Я пэр льагэу ялэтауэ
Пшэм щІоф жьпІэу щыІэзблоу.

Жьыбгъэм хэту удз гъэужьым,
Кьуакіи-бгыкІи эзпекІухь.
Вагъуэ уафэм кьехэхауэ,
Удз Іув итым хопщэпщІыхь.

Дыжьын нахьтэри ЇэщІэлъу
И аркъэныр хужьщ, дыжьынщ.
Вагъуэм лЫохьур имыгъэуту,
Удзыр мажьжкІэ ижьынщ.

Жьым и ужьым сиувауэ
Нахьтэ тІэкІуи зэдызохь.
Псыжь дыздикІыу, дыкьникІыжу
Жьыбгъэм дэрэ гугъу дыздохь.

Пшэр зэблидзу жьышхуэ кьопщэ,
Удзри есщІыр хэутэн.
Демызэшу дызэпоуэ,
Вагъуэм сыткІэ гу лЫптэн.

Кьехуэхакьым уафэм вагъуэ,
Кьехуэхами, кьэмыса,
Удз гъужьым хэкІуэдамэ,
Дэркьым вагъуэр зылъысар.

* * *

Льагъуныгъэр мазэм хуэдэщ,
КьыщыкьуэкІыр хэт ищІэн.
Льагъуныгъэр гъатхэ дыгъэщ,
Кьыптемыпсэм - упІыщІэнщ.

Уи псэр щэхуу дахьэхамэ,
Гъатхэ мазэр кьэунэхуащ,
ЩІымахуэкууи уэсыр кьесмэ,
Уэ щыблэшэ кьыптехуащ.

Жэщи махуи уи зэхуэдэу
УгуитІщхьитІу жейр мэкІуэд,
Кьуалэбзухэм ахуэзамэ,
Дажьбоі я уэрэд.

Псальэ закьуэр уи нэ-уи псэу,
Зэ Іуплъэгъуэм ущІохьуэпс.
ФІыуэ пльагъур гум кьэкІамэ,
Уи гум уафэр кьыщохьуэпскІ.

Кьуалэбзуми тІурытІыхьэу
Щхьныр губгъуэм кьыщащыр.
Дэри ди псэр льагъуныгъэм
Зы ищІамэ, ди насыпт.

* * *

Си Іэдакъэм щІокІ жыг хадэ,
Кьихьэ хадэм - зэгъэльагъу.
Уафэ льащІэм нэсу жыгми
Зей хэссами кьыСхущІагъу!

Си псэр жыгым и зы тхьэмпэу,
Жьыбгъэр кьэсмэ, ныдоджэгу.
Зэми дыгъэр тІэкІу кьытопсэ,
Зэм и щІыІуми, зэм и льэгущ.

Си гъунэгъуу пщІащэм сопльри,
Плъыжьыщ - зэрыджэм хуэбгъэдэнщ.
Ар зей щхьэкІэм пыуващи,
Дыгъэмыхьуэр пхуимыдэн!

ЖьыСІэ псалъэр ткІуэпс зырызу,
Жьыр кьепщамэ, нысфІокІуэд.
ФІыуэ слъагъуу сэ си пльапІэм
Ар хужьысІэу си уэрэдщ.

Зэр Іэрысэу сэ согъэкІыр,
Си псэр тхьэмпэу пытщ а зейм.
Арщ а жыгыр плъыжь зыщІари,
Арщ щІэпльыжьыр ди дунейр.

Псым и хьэл

Бжей жыг инхэр мэз тхьэмадэщ,
ЖьантІэм дэту нэпкым тетщ.
Пшэр бащлъыкІыу зэІэпахыр,
Бжейр Іэтащхьэ я жыг тетщ.

Псы кьабзабзэр кьыщІэжауэ,
Бжейм и лъабжьэр ныхуэтхьэщ,
ФІыщІэ инн кьыхунщІауэ
ФІым псы кьабзэр хуеуэщ.

Псыр мывэшхуэм ЇолъэІ-йопкІэ,
Зэм щІихьаеи, хуэм мэхъуж.
Нашэжьашэу лъагъуэр хишми,
Кьуэшхуэм дэтщи, пхудэмыж.

Зауэм щыгъуэ а псы уэрым
Бийр икІыну лъэмыкІа.
Мыл аркъэныр щыІэм идзкІи
Хуэмыбыду ЇэщІэкІащ.

Нэпкым хуэзэм зрепщытыр,
Кьурш пэувми, гъуэгу щІеуд.
Мы псы Іэлыр Іэмальнэщэ, -
ЖаІэу мывэр зэгуоуд.

Гъэмахуэжум псыр кьиуакъэ -
Зыхуэуэсэр и анэшщ.
Псым и хьэлым щыщ сэ схэльщи,
Псымрэ сэрэ дызэкьуэщ.

* * *

Сэ щІым тезмысэ кьытемыкІэ,
Жьылапхъэр хьэдэзу кьызощыл.
Си псальэм фи гум фІы кьэнрэкІмэ,
Аращ жьхуэсІэр сэ насып.

ЩІым кьысылысарн мыин быдэ,
ВакІуэ сихьамэ - мысэтей.
Уэлбанэм губгъуэм сриубыдэм,
УэфІ кьэхъужьыкуІэ мы дунейр

СыпэпІэу, зэман сымыгъакІуэ,
Кьысщытхъум жысІэу сфІэмыІуэху.

ДищІ щыхамысэ сыхуэзамэ,
Ари тессауэ согъэунэху.

Си щІым кьытесхыр куэдщ
е мащІэщ -
Гъэ узыхуэзэм ельытащ.
Зэм бэву гъавэр кьытыбохьыр,
Уэгъу кьытехьуакьэ - пщІар кІуэдащ.

УхэкІрэ гуауэ, жьлэ хэпсэу:
Хэпсар псым ехьыр, зэм ядыгъу
Адэжь я гугъэр щІым хэпсарэр
Ар кьэмыкІамэ - псом нэхъ гугъущ.

* * *

ИкІи псынэу икІи дахэу
Дзнэ уи псыр кьыздипхар?
Уи псы Іуфэр мыльагъэхэх,
Мэз бгъэкІыни пльэмыкІа.

Хьыджэбзищи псыхьэ кьакІуэм
Псыуэ кьажэр яхьыфІнщ.
Зы льэмыжи темыльыхьэу
КьакІуэр уи псым икІыфІнщ.

Епль, итІани, Псынэдахэ,
Арщ псым цІэуэ ныфІащар.
Гъатхэр кьэсмэ, зыбгъэкьиину -
НэгъуэщыщІэ пхуэфэщат.

Гъэмахуэжум псы имыту
Псынэдахэр сэ сэкІыр.
Кьохьур ныджэм удз кьытекІэр
Дыгъэ гуащІэм щилыгъуа.

Псынэдахэ - ар кьуажэщІэу
А псы цІыкІурщ фІэзыщар.
ЦІэфІэщ джанэ щхьэ хуамыдрэ?
Езы псыри арщ зэщар.

Гъуэгу зэпысчу нэзгъэзэжрэ
Псынэдахэ сынэсам,
Си гум жеІэ кьысфІильэту:
«Псынэдахэ дыкъэсащ».

Псыр цІыкІу дыдэу лЫмэжьышхуэм
СынышникІэ бзэр блольэт,
Псыхьэ кьакІуэ щыЫмыгъагъкІэ,
Сэри си гур кьысфІольэт.

МывэжІэщхьыр ебжьыр жьпІэу,
Хуэму, щэхуу псыр ІюжэХ.
Бабыщ бынхэм я джэгупІэр
Кьнупащи, дэмыхуэж.

Псынэдахи, ихуэм пІальэ,
Уэрэд дахи жиІэфынщ.
Хьыджэбзищи псыхьэ кьакІуэм,
Псыуэ кьажэр яхьыфІнщ.

Ди хэку тІэкІур зэрыхэкуу
Псынэдахэ Іус кьысфІощІ.
Шылэ джани зэІузощэ,
Льэмыжьышхуи сэ хузощ.

Арщыдан. *1964 гъэ*

ПсыкІэху. *1974 гъэ*

Щхьэлыкьуэ. *1984 гъэ*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Нэщэнэхэр

13, мэрем

13 бжыгъэр европей щэнхабзэм насыпыншагъэ къэзышэу къышцытыгъ. А бжыгъэм щышынэным зэреджэр трискандекафобнещ. Абы ипкъ иткIэ, къат пщыкIыщу е кIыхьыбзу зэтет унэхэм 13 бжыгъэр къышцышцамыгъэтыгагъуэ кхохъу, трискандекафобхэр щамыгъэнцэн папщIэ. 12-нэ къатым 14-нэр къыкIэтыкIыкIункIэ е «12А» нэзнкIэ нэхъу, уебгъэмэ «12+1» къат зиIэ уни щыIэщ.

* ИТАЛИЕМ оперэмкIэ и театрхэм я тIысыпIэхэм 13-нэр хэткъым, апхуэдэуи кхъухьхэм я 12-нэ каютэм къыкIэтыкIуэр 14-нэщ.

* 13 бжыгъэм апхуэдэ «лей» къыщIытехьэр, псом нэхъ-рэ нэхъыфIу къалытэ 12-м къызэрыкIэлъыкIуэрщ: илъэсыр мазэ 12, зодиакым и дамыгъэхэри апхуэдизэ мэхъу, Геракл зэрихьа лIыгъэу 12 кIабж, Хьисэ къызэратхъуам екъэлIа дауэдапщэхэри махуэ 12-кIэ ирагъэкIуэкI.

* А бжыгъэм насыпышагъэ кхахухьу зи фIэщ хьу париждэсхэм я хьэщIэхэр 13 щыхъум и деж Iэмал имыIэу 14-нэу зыгуэр кърагъэблагъэ. Зэгуэрым Твен Марк 13-нэ хьэщIэу зыщIыпIэ ирагъэблагъат. Мыкlуэмэ зэрыпэхьIфIыр и пIкIыжьу щIалэм кхъыжриагъэ пэт, Твен пшыхьым зригъэхьэIащ. Тхакlуэм нужьыкlэ жиIэжауэ щытащ: «Си кIэн хьущIкIакъым а пшыхьым, зыхуэпщэфIар цIыху 12-рт».

* Инджьлызым фIыуэ щалъагъуркъым зи гуГу тщIы бжыгъэр.

Великобританиемрэ и дзэ-тенджьз къаруэм зэгуэрым хьм трагъэхьа кхъухьщIэм «мэрем, 13» (Friday the 13th) фIащат. ИкIи ар псы Iуфэм щыIукIар маззм и 13-нэ махуэрщ, мэремырщ. Абы и ужькIэ а кхъухьар зэи зыми ильагъужакъым.

* Ауэ дуней псом щыщIэрыIуэ шахматист Каспаров Гарри 13 бжыгъэм насып кхъухьку къелъытэ. Апхуэдэу ар 1985 гъэм Карпов Анатолий бжыгъэр 13:11-у текIуэри, япэ увыпIэр дуней псом къыщихьат. Абы щыгъуэ Каспаровыр Шахматымкlэ епщыкIущанэ дунейпсо чемпион хьуэу щытащ.

●Цыхухшхуэхэм я гупсысэхэр

ЖаIэм уедэIуэфныр дахэу упсэльэфыным хуэдэщ

***Буаст Пьер Клод Виктор и щIэныгъэкIэ юрнстщ. Ар франджыбзэмрэ литературэмрэ я псальалъэ зыбжанэм я авторщ, абыхэм ящыщу нэхъ щIэныгъэр лъэныкъуэ куэдкIыхь зэрыщIэныгъэ къыщIэхъуар. Зи гуГу тщIы франджы лексикографым и псальэ Iуцэкэр щыIпIэ куэдым щыIэхахащ. Абыхэм ящыщ нобэ тедзэхэр.**

* * *

Псынщ1э къыпхуэкIуа цIэрыIуагъэр апхуэдэ дыдэу псынщIэу мэкIуэдыж.

* * *

Цыхухшхуэхэр вагъуэхэм ещхьщ - гульытэ щыхуащIыр ужьыха нэужьщ.

* * *

Дуней псор мамыру пхущыгъэтынукъым, тенджьызыр зэрыпхуэмыгъэIэпхъуэнум хуэдэ дыдэу.

* * *

Акъылым зебгъэхъуэжьын щхьэкIэ гум зихъуэжьын хуейщ.

* * *

Цыхуэр къыззрыдгъэгугъа псор хуэтщIэну

Ауэ мащIэ дыдэщ зыщIэр Аллерговэ Ирина и щIэдыдэр зэры-Климчук Инессэр, Бабкина Надеждэ - зэры-Заседателевэр. Распутинэ Машэ - Агеевэ Аллэщ, Валерия - Перфиловэ Аллэщ, Разин Андрей - Криворотов Вадимщ, Кельми Крис, къызэрыщIэкIымкIэ, Калинин Анатолийщ.

Налшык къыщалъхуа Лель Катя и унэщIэри нэгъуэщIщ - Чупринин, Жасмин и цIэ дыдэр Семендуевэ Сарэщ.

Абыкlэ зэфIэкIрэ?! СССР-м и цIыхубз артист Лещенкэ Лев и унэщIэри къыгупсысауэ араща, ар - Лещевщ. Ротару Софие - Софье Ротарь, Долинэ Ларисэ - Кудельман, Миончинская (я япэ щхьэгъусэм ейщ унэщIэхэр) зэрахьэу щытащ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Фэ фщIэрэ?

УнэцIэ пэжхэмрэ къэгупсысахэмрэ

Урысей шоу-бизнесым хэт артистхэм я цIэ дыдэр къыщIэлъытагъуэр зэрымэзэщ. Абыхэм ящыщ куэдым цIэ лей зыфIащыжащ. Псальэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Сташевский Влад и унэцIэр Твердохлебовщ, Биланэ Димэ - Виктор Белащ.

УЭРЭДЖЫIАКIУЭХЭМ я цIэ-унэцIэ дыззсахэм я пэжыпIэр куэдым ящIэ. Къапщтэмэ, Королёвэ Наташэ и унэцIэр Порывайщ, Витас - Грачев Виталийщ, Малинин - Выгузов Александрщ.

● Сабийхэм папщIэ

Бжьы зэпеуэ

ТхьэлъэIу, вакIуэ къэнхьэж щащIэж деж хьэбгъэ-хьэбгъэ е къуажэ-къуажэу щIалэгъуэлъэгъуэ джэджэгуу щыгащ. Къуажэ къэс щыкIэ нэхъ Iэкlуэльаькlуэу, зэфIэкI яIэу шу зыхьыбл къыхахыгъ. Абы хуэдизыбзэ адрей къуажэмэ кынгъуэвырт.

ГУПИТIЫМ я зэхуаку ящIырт зы шы итьыгъуэрэ нэкIуэрэ - тIу нэс. Абы нэмыщI, къуажэ шу гуп кьэс я гупэм къихуэу лъэбакъуэ 15-20 хъун я зэхуакуу зэдзкIуэу сатыр тIырыгI датIыкIырт, Iупщщ пльагъуэ. СатыритIым я зэхуакуэм зыри дэткъым, нэщIщ. Ар пIрегугъуэу аращ.

Иджы пхъэидзэкIэ зэхагъэкI дэтхэнэ къуажэм я шу гупым зэхьэзэхуэр къыщIадзэнуми. А къыщIэзыдзэну зи пхъэ кьинIахэм щIопщ фIэкIа яIыгъкъым. Адрейхэм псоми бжы зырыз щIопщ къыхэщIыкIа баш кIыхь е дей баш захуэ) яIыгъщ. Бжьыхэр пагуэщ, къыптехуэмэ, имыгъэуэзын хуэдэу.

Аращи, техьа гупым ящIыщ зы шу кьожэ. Ар мыдрейхэм я пIрегугъуэм ильадэу игъэззжу есым я пIрегугъуэм нэсыжьын хуейуэ араща. Шур я пIрегугъуэм къыззрихьэ нэхъ пIалъэ мыIэу, мыдрей гупым щыщ зы шу бжьыр хьэзыру ныгъыу абы кIэльюжь, лъэщIыкъуэ бжьмкIэ кьнуIэн и гугъу. Пэж дыдэу, бжьи идзар кIуэжьм текуэмэ, ар зы текIуэнысущ. Темыхуэу фIэкIуэжмэ, зыми зыри кьихьакъым. Ауэ шу кIуэжьр къыззпльэкIыурэ бжьы кьаIэр Iэзэу къыбфIдмэ, абы и ужьыр кьэзыхур кьрихужьэжынущ. Ар я пIрегугъуэм нэмысыжу къыхуэуIэмэ, бжьр кьэзубыдам и гупым текIуэныгъэщI кьахуеуь. КьыныуIэфу щытми, бжьр кьыззрибубыду модрейр зэрырихужьэжьыфам щхьэкIэ текIуэныгъэитI нIэщ.

Апхуэдэурэ техьа гупым я шу псоми чэзыр кьалъыса нэужь, бжьихэр адрей гупым иратри, аргуэру къыщIадзэж. Дауи, пашэ хъур текIуэныгъэ нэхъыбIэ кьэзыхьырщ, нэгъэщIуэ жьыпIэмэ, шымрэ бжьымрэ нэхъ зыгъэIэкIуэпхъуэкIуэфхэрщ.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

● Дн зэпыщIэныгъэхэр

Къущхьэ Догъэн жыдзэру хэтщ Тыркум щыпсэу адыгэхэм Iуэху зэхэумыдзхэм теухуауэ ирагъэкIуэкI зэхуэсхэм. Догъэн апхуэдэуи щIэх-щIэхьуэр кьокIуэж и адзжь щыналъэм, хэхэсыныр я натIэ хьуами, адыгэхэр хамэ щыпIэхэм зэрыщымыкIуэдыжар и творческэмкIэ наIуэ тшинщIу. Адыгэ лъэныкъм ильэс куэд хьуауэ зэхьэхуэ зэрыхуэмыжьыпIэ папщIэ абы хуагъэфэщауэ щытащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр.

Истамбул щыIэ Бешикташ Барбарос утым мы гъэм накьыгъэм и 20-м щытрахащ мы сурэтыр. Адыгэхэм я фэепль махуэм абы пэкIуэкIуэ щрагъэкIуэжьат цIыху минищIым щIигъу кърихьэлIэу.

● Шхыныгъуэхэр

Май форэ бжэныщэрэ

Бжэныщэ гъэвжэар шыуаным ираIъэ, хьэкум трагъэуварэ, зэIащIэурэ ягъэткIу. ЗэрызэIащIэм хуэдэурэ абы халъхьэ фо, мафIэр ирашэхри зэхэшыпсыхьыку трагъэт, итIанэ хьэкум кьытрахьыжри, зэIащIэурэ ягъэупщIыIу и хуабагъэр градус 40-50-м нэсыху. Шынакъ гъущэм ираклэри, щIыIапIэ-кIыфIыпIэм ягъэув и щхьэгр тепIауэ. Абы щыщ къыхахыурэ шэ гъэпщтам традзэ икIи шха нэужь ар трафыкьыж. Шы стакан из шэм щэуэ грамми 5 традзэ. Мы шхыныгъуэ-хущъхъуэгъуэр сэбэн яхуохьу Iупс бзаджэ, тэмакъ, кIуэцI уэ зиIэхэм. Хущъхъуэгъуэр зэзыхьэлIэхэм пщтыр, щIыIэ дыдэ ирафри ящхи хъунукъым.

Хальхьэхэр:

Бжэныщэ гъэвэжауэ - грамм 1000

Май фоуэ - грамм 1000.

Тхьэв и гъусэу гъэва джэдыщIэ

Джэд гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, ягъэгъущ, зэпкърах, шыуан лъэщIабгъэзм ираIъхьэ, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэ, шыгъу тракIутэ, тхьэв ягъэхьэзырар лым и щIыIум сатыру тралъхьэ, шыуаныщхьэр трапIэжри зэ къытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ мафIэ цIыкIум тету лыри тхьэври хьэзыр хъуху, дакьикьэ 20-25-кIэ, ягъаву. Iэнэм щытрагъэувэкIэ, тхьэв вар тепщэчым ираIъхьэ, абы лыр тралъхьэ, зыхэвыкIа лэпсым щыщ тракIэж. Пщтыру яшх.

Тхьэвыр зэрращIыр: Гъэдз хьэжыгъэ хуэунщIам и кур кумб ящI, абы шыгъу, джэдыкIэ хэлъу псы щIыIэ иракIэри фIыуэ ятщ. Нэхъ щабэ хъун щхьэкIэ ар хьыдан тепхъуауэ дакьикьэ 20-25-кIэ щагъэт. Хьэзыр хъуа тхьэвыр хьэжыгъэ зытеуда Iэнэм тралъхэри, и Iувагъыр мм 2, и кIыхьагъыр см 55, и бгъуагъыр см 30 хъуэу хупхъэкIэ яху. Абы и щIыIум тхъу щахуэ, бжьын щIынэ, къуэнтхъурей упщIота, щыбжийуэ сыр плъыжь, джэдгын, бурш хьэжа тракIутэ. ИтIанэ тхьэвыр жэрумэм хуэдэу яшых мыгъум дыдэу, и кIапэр джэдыкIэпскIэ зэтрагъэпщIэж, и кIыхьагъыр см 2, и хьэлъагъыр г 20-25-рэ хъуэу сэкIэ зэпаупщI.

Хальхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):

Джэдылу - грамм 500

Псы щIыIэу - грамм 230-рэ

Гъэдз хьэжыгъэу - грамм 350-рэ

Тхъуэ - грамм 50

Псыуэ - грамми 120-рэ

Джэдыкlэу - 1

Бжьын щIынэу, къуэнтхъурей, шыгъу, шыбжийуэ, бурш, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

●ХъэтIэр

Хэтыт нэхъ зэхэщIыкIыгъуей дыдэу тхэр?

СэмэгурабгъумкIэ егъэщIа хьэтIым «Леонардэ и хьэтIкIэ» щыгъуэ психологием. **Леонардэ да Винчи** и Iэрытх цIыкIуэхэр апхуэдэ хьэтIкIэщ зэрытхари, абы хэм укъеджэныр икъукIэ гугу дыдэщ.

Наполеон и хьэтIым зихьужму щытащ. И ныбжьыр кIуэтэху, абы и хьэтIыр нэхъ гугъу, зэхэщIыкIыгъуей хьурт. Псальэм кьыдэкIуэу жыпIэмэ, Наполеон и «Клиссон и Евгения» романыр кьрахьи папщIэ IэщlагъэлIэхэм трагъэкIуэда зэманымрэ кьарумрэ кьэпльитэгъуейщ.

Толстой Лев и хьэтIри гурыIуэгъуэфIэу щытт-къым. Абы и Iэрыттхэр кьызыхуихыр «Война и мир» романыр зыбжанэрэ кьизытхыкIыжа и щхьэгъуэм и закъуэт.

Психиатр Ломброзо Чезаре Толстой и хьэтIыр ильэгъуэ нэужь, зи псевтхуэм ныкъусаныгъэ иIэ цыхубз гуэрым ейм иригъэщхьат.

Лермонтов Михаил и хьэтIым щIэх-щIэхьуэрэ зихьужьыт. Дахэу тхэну игу щрильхьам дежи и сатырхэр фIыдэкIуейрт, и хьэрфхэр хэт ищхьэмкIэ, хэт ильабжьэмкIэ «кьыщIэхэпIэнкIыкIырт». Графологием теухуа тхыльхэм ящIыщ зым щапхъэу кьыщIыхьащ Лермонтовым и хьэтIыр зи псантхуэхэр зэтемыс щIыхум ейм ещхьу.

Маркс Карл и Iэрыттхэм укъеджэныр гугъу дыдэщ, сыт хьэкIэ жыпIэмэ, абы хуабжьу фIэфIт псалъэ зыкъом зыпыгу иткIыну.

Пушкин Александр и хьэтIым, хабзэ зэрыхьуауэ, «псиншIэрытхэкIэ» йоджэ. Абы и тхэнIэр ягу ирихьу щытакъым лицеем щезыгъэджахэми иужькIэ дэлэжьахэми. Апхуэдэ хьэтI уиIэныр кьемыцIэгъыу кьалъытэрт куэдым.

ШЫПШ Даянэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*: 4.** Пшапэ зэхуэгъуэм ящI нэмэз. **6.** Уэгъэм и лъэужькIэ Iэпкьльэпкъым кьыптонэ. **9.** Кьуэцчыцэ. **11.** ... и кьуэ дзыгъуащэщ. **12.** Нартыху хьуманIэ. **14.** Цыхуб3 щыгъын. **15.** Щоджэнщыкlэ Алий и усэ щIэрыIуэ, школэм щаджэ. **16.** Уэхуэныгъэм кьыщагъэжбэп. **17.** Iэщlэвыщlэ. **18.** Адыгэми, балъкъэрми, Курыт Азием щыпсэу лъэпкъэмри я гушыIэ хьыбархэм хэт цIыху. **19.** Цы щабэ зытет щокI Iув. **21.** Iэщ гупышхуэ. **23.** Театрыр зыгъэтет-рыр апхуэдэ IэщIагъэлIщ. **27.** И хьэпшыпым хуигъэува уасэм пхутемыкI цIыху. **28.** Щымахуэ щыгъын. **31.** Хадэхэм, гъавэ щIапIэхэм зэран хьууэ хьыбыкI удзыжь щхьэ гъуэжь. **32.** Пхъэ уадэ. **33.** Адыгэ тхакIуэ, драматург. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящIыщ зым. **36.** Адыгэ композитор цIэрыIуэ. **39.** Хабзэм къемыгъэтыу ят, кIыIах ахъшэ. **41.** Абдж ... е къэкъуащкIу ... **42.** ИльэситI, щы зи ныбжь щыщIэ мыгъасэ. **43.** Щыгъыным хищIэ хьэпIащIэ. **44.** Гъущ щабэ лIэужьыгъуэ, дыжьыныфэ-хужьыфэу. **46.** Пщий кIызыпыкIэ жыг. **47.** Зеинщэ. **48.** «Си ... кьэлъагъуэ, сыныщIольэIуа тIэкIур кьыскъэщIэ». **49.** Щхьэусыгъуэ гъэркIэ жьлэм дзкIауэ мэзым е нэгъуэщI щIыпIэ зыщIызыгъэпщкIу цIыхум адыгэр апхуэдэуэт зэреджэр.

***Къехьу*: 1.** Зэгуэмыгъэжу псэущхьэм траха фэ. **2.** Дэлыкъуэ щIынальэм хиубыдэ кхуажэ. **3.** Дыгъужь зытIущ щхьэкIэ кьимыкIуэтыну хьэкIэкхъуэкIэ. **5.** ХадэхэкI. **7.** Кьуагрэ лъэпкъым щыщ кьуэлтбэу. **8.** ... кьыззрыхъуу, мэкъуауэр губгъуэм зекIащ. **10.** Шэжьипс гъэфIэIуа. **13.** ... пыIэ. **14.** Жьы ку гъуанэхэр зи псэупIэ псэущхьэ кIэ бариныэ. **20.** Сату щIапIэ. **22.** Кьалэм, псыежхьлым, районым зэрахьэ щIэ. **24.** ХьыбарегъащIэ Iэнатlэ. **25.** Зэпымыууэ уэс зытеть бгы льагэ. **26.** Уеплъмэ - ..., уеджэмэ, дэгу. **29.** Темыуэ щIыпIэ щIыщIэ. **31.** Щымахуэ щыгъын. **32.** Пхъэ уадэ. **33.** Адыгэ тхакIуэ, драматург. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящIыщ зым. **36.** Адыгэ композитор цIэрыIуэ. **39.** Хабзэм къемыгъэтыу ят, кIыIах ахъшэ. **41.** Абдж ... е къэкъуащкIу ... **42.** ИльэситI, щы зи ныбжь щыщIэ мыгъасэ. **43.** Щыгъыным хищIэ хьэпIащIэ. **44.** Гъущ щабэ лIэужьыгъуэ, дыжьыныфэ-хужьыфэу. **46.** Пщий кIызыпыкIэ жыг. **47.** Зеинщэ. **48.** «Си ... кьэлъагъуэ, сыныщIольэIуа тIэкIур кьыскъэщIэ». **49.** Щхьэусыгъуэ гъэркIэ жьлэм дзкIауэ мэзым е нэгъуэщI щIыпIэ зыщIызыгъэпщкIу цIыхум адыгэр апхуэдэуэт зэреджэр.

***Къехьу*: 1.** Зэгуэмыгъэжу псэущхьэм траха фэ. **2.** Дэлыкъуэ щIынальэм хиубыдэ кхуажэ. **3.** Дыгъужь зытIущ щхьэкIэ кьимыкIуэтыну хьэкIэкхъуэкIэ. **5.** ХадэхэкI. **7.** Кьуагрэ лъэпкъым щыщ кьуэлтбэу. **8.** ... кьыззрыхъуу, мэкъуауэр губгъуэм зекIащ. **10.** Шэжьипс гъэфIэIуа. **13.** ... пыIэ. **14.** Жьы ку гъуанэхэр зи псэупIэ псэущхьэ кIэ бариныэ. **20.** Сату щIапIэ. **22.** Кьалэм, псыежхьлым, районым зэрахьэ щIэ. **24.** ХьыбарегъащIэ Iэнатlэ. **25.** Зэпымыууэ уэс зытеть бгы льагэ. **26.** Уеплъмэ - ..., уеджэмэ, дэгу. **29.** Темыуэ щIыпIэ щIыщIэ.



Бадзэуэгъуэм и 14-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*: 3.** ЛакъуэлIэш. **6.** Кьуэды. **7.** Оман. **9.** Пхъы. **11.** Лэгъупэжь. **12.** Саугъэт. **13.** Дбзэ. **16.** Бжэгъу. **18.** ЩIыIуб. **19.** Дэлэн. **20.** ЩтапIэ. **22.** Псынэ. **26.** ПсыкIэху. **27.** КIэрашэ. **31.** Джэлэс. **35.** Чэтэн. **36.** Жэмэщ. **37.** Бгъэр. **38.** Надэ. **39.** Нэкуэр. **40.** Олланд. **43.** Нэпсей. **45.** Гъунэ. **47.** Хьэлу. **48.** Псыжь. **49.** ЩхьэльащIэ.

***Къехьу*: 1.** Шэпхъ. **2.** Лэгъуп. **3.** Лыкъужь. **4.** Шопс. **5.** Кьару. **8.** Iэмбатэ. **10.** Уэлбанэ. **13.** Дадэ. **14.** Балий. **15.** Чынт. **17.** Гъудэ. **18.** ЩIэн. **21.** ПIастэ. **23.** Сэшхуэ. **24.** АкIэ. **25.** Гъурц. **28.** Хьэмбылу. **29.** Хьэмыку. **30.** Къэрэщей. **32.** Сыр. **33.** Бжэн. **34.** Iущхъэ. **35.** Чын. **41.** Арэф. **42.** Дауш. **43.** Напэ. **44.** Пльыр. **46.** Налъэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (эжуап зыхьы секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэ.**

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетым ЩIыпIэ-щIэныгъэ, культурэ, къэбар-информацэ щыIэ